# АВАР МАЦIАЛЪУЛ ПРОГРАММАБИ V-IX ВА X-XI КЛАССАЗЕ

Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул ва гIелмияб министерствоялъ тасдикъ гъабураб

Махачкала
ООО «Издательство НИИ педагогики»
2012

Программаби хIадур гьаруна ГI.ГI.Тахо-Годил цIаралда бугеб Дагъистаналъул гIелмиябгин цIех-рехалъул педагогикияб институталъул мацIазул секторалъ.

Программаби гIуцIана ХI.С. Вакиловас, А.Гь.ХIамзатовас

Программы по аварскому языку для средних и старших классов дагестанской национальной школы. – Махачкала: ООО «Издательство НИИ педагогики» 2012. – 64 с.

© ООО «Издательство НИИ педагогики», 2012

# ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН

...Школалъул цIакъго кIвар бугеб масъалалъун ккола гIун бачIунеб гIелалъе щулияб ва гъваридаб лъай кьей, гьезулъ гьеб лъай практикаялда хIалтIизабизе бажари ва ругьунлъи лъугьинаби, дунялалдехун материалистияб бербалагьи бижизаби.

Авар литературияб мацIалъул кьучI ккола бол мацI, амма литературияб мацI бечелъизе кIвар бугеб магIданлъун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мацIазго гIадин, авар мацIалъги гIаммаб куцалда тIолго магIарулазул рухIияб бечелъи жанибе бачуна.

Ахираб заманалда гIисинал миллатазул мацIал церетIеялде цIикIкIараб кIвар кьолеб буго. Гьел миллатазул рукIа-рахъин цебетIеялдаго цадахъ, гьезул мацIалги бечелъула, церетIола ва хадубккунги гьел церетIезаризе руго.

### Школалда авар мацI малъиялда церечIарал масъалаби.

Авар мацI школалда лъазабиялда церечIарал масъалабилъун ккола: цIалдохъабазул кIалзул ва хъвавул калам цебетIезаби, пасихIго цIали камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мацI малъиялъул мурад буго: цIалдохъабазе фонетикаялъул, лексикаялъул, рагIи лъугьиналъул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистикаялъул хIакъалъулъ лъай щвей, жамгIияб гIумруялда жаниб гьелъул кIваралъул хIакъалъулъ баянал кьей, битIунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул иш камиллъизаби, лъималазул рагIул нахърател бечелъизаби.

### V – IX классазда авар мацIалъул курсалъул гIуцIи

Рахьдал мацIалъул программаялда рекъон, V – IX классазда цIалдохъабазда малъизе ккола фонетика, графика, лексика, рагIи лъугьин, грамматика (морфология, синтиксис). Гьединго

цIалдохъабазда лъазе ккола стилистикаялъул ва мацIалъул хIакъалъулъ гIаммал гIелмиял баянал. ЦIалдохъаби ругьунлъизе ккола битIун хъвазе, битIун цIализе, калам гIуцIизе ва лъалхъул ишараби лъезе.

Авар мацIалъул материал гьадин бикьун буго: V,VI ва VII классазда малъула фонетика, лексика, рагIи лъугьин, морфология ва битIунхъвай. Синтаксис лъазабула VIII – IX классазда. Амма синтаксисалъул ва лъалхъул ишарабазул хIакъалъулъ бищун гIадатал (авалиял) баянал V классалдаго кьола, морфологияб курс синтаксисалъул кьучIалда лъазабизе, калам цебетIезабиялъул ва пунктуациялъул хIалтIаби гьаризе рес букIине. Гьел церехун рехсарал рахъазул хIисабги гьабун, программаялда материал линейно-ступенчатый принципалда рекъон кьун буго. Гьединаб принципги кьочIое босун, «Лексика», «РагIи лъугьин», «Предметияб цIар» гIадал темаби V ва VI классазда, «Глагол» V,VI ва VII классазда кьун руго. «БитIараб ва хъвалсараб калам» абураб тема V ва IX классазда малъулеб буго. ХутIарал темаби цадахъго малъизе рихьизарун руго. Такрарлъулел темаби хадусел классазда малъула гъваридго ва гIатIидго. Гьединго программаялда дандчIвала байбихьул классазда лъималаз лъай-хъвай гьабурал темабиги. Гьединал темаби гIатIидго малъизе ккола.

Программаялда тIолабго материал кьун буго лъималазул гIелазул хаслъабиги хIисабалде росун .

Программаялда кьурал темабазе сагIтал рикьун руго мисалияб къагIидаялъ. Учителасул ихтияр буго мустахIикъаб-лъун бихьараб бакIалда сагIтазул хиса-баси гьабизе, ай, цо темаялдаса тIаса рахъун, хIажатаблъун бихьулеб цогидаб тема малъиялъе цIикIкIинаризе.

## ЦIалдохъабазул калам цебетIезаби ва гьел пасихIго цIализе ругьун гьари.

Школалда авар мацI малъиялъ цIалдохъабазул логикияб пикру ва калам цебетIезабула.

Калам цебетIезабиялъе цоцада хурхараб лъабго нух буго.

**Калам цебетIеялъул тIоцебесеб нух** буго авар мацIалъул дарсазда лъималазул рагIул нахърател бечед гъаби.

Авар мацIалъул дарсазда лъималазул рагIул нахърател бечед гъабула батIи-батIиял словариял хIалтIабаздалъун, учебникалда ругел ругъунлъиялъул хIалтIабазул текстаздалъун, кIалзул ва хъвавул изложенияздалъун, сочиненияздалъун. ЦIалдохъабазулгун словарияб хIалтIи гъабулелъул, гьел, жалго жидедаго чIун, ричIчIуларел рагIаби ратизе, гьезул магIна учителасда гьикъизе ругьун гьари, словараздаса битIун пайда босизе лъай – бищунго кIвар бугел хIалтIабилъун ккола.

**Калам цебетIезабиялъул кIиабилеб нух** буго авар литературияб мацIалъул рагIаби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял гIуцIиялъул, битIун цIалиялъул ва гь. ц. нормаби лъай. Гьеб рахъалъ программаялда жиб-жиб темаялъул кIиабилеб пункталда гъоркь чIванкъотIун бихьизабун буго щибаб классалда лъималазе щвезе кколеб лъайги гьезухъа лъугьине кколеб бажариги.

**Калам цебетIезабиялъул лъабабилеб нухги** буго авар мацIалъул дарсазда батIи-батIияб темаялъул ва жанралъул материалазда тIасан цIалдохъаби кIалъазе ругьун гьари.

Калам гIуцIизе цIалдохъаби ругьун гьариялъе лъикIалан заманги бихьизабун буго (Авар мацIалъе рихьизарурал сагIтазул щуго бутIа гьабун цо бутIа). Калам гIуцIизе ругьун гьари цIикIкIараб кIвар бугеб иш бугелъул, гьелъие мацIалъул программаялда жиб-жиб классалъе батIаго темабиги кьун руго.

ЦIалдохъанасда лъазе ккола тексталда тIад хIалтIизе, гьелъул аслияб пикру батизе, къокъаб ва гIатIидаб план гIуцIизе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, бицунги хъванги изложение тIобитIизе.

Авар мацIалъул дарсазда кIвар кьезе ккола цIалдохъабазул кIалзул монологияб калам камиллъизабиялде. Гьелъие гIоло цIалдохъаби тIамизе ккола батIи-батIиял темабазда тIасан кIалъазе.

ТIолабго лъагIалида жанир гьарурал хIалтIабаздалъунги, изложенияздалъунги, сочинениядалъунги цIалдохъабазулъ

битIараб кIалзул ва хъвавул калам гIуцIиялъул бажари лъугьине буго.

Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби тIаса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва гIелмияб рахъалъан дандекколел рукIине ккола.

ЦIалдохъабазул калам цебетIезабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандчIвалел гIунгутIаби ва гъалатIал тIагIинаризе квербакъула.

ЦIалдохъабазул калам цебетIезабиялда бухьараб буго пасихIго цIализе лъазабиялъул ишги.

ПасихIго цIалиялъул ругьунлъаби камиллъизаризе, художествиял текстал (хабар, маргьа, кечI) росула.

ПасихIго цIализе лъимал ругьун гьариялъе синтаксис лъаялъулги кIудияб кIвар буго. Гьелъ рес кьола калам камил гьабизе ва цебетIезабизе.

БитIунхъваялъул рахъалъ бажари борхизабула, батIи-батIияб тайпаялъул (гIинзулаб, берзулаб, кантIизариялъулаб, баян гьабиялъулаб, творческияб гIадал) диктантал гьарун.

Контролияб диктанталъе цо дарсил лъикIалан заман кьезе кколеб батани, битIун хъвазе ругьун гьариялъе ругел батIи-батIиял диктантазе дарсил цо бутIа кьуниги гIезе буго.

Диктантазе росулел текстал къваригIарал орфограммабазул рахъалъ бечедал рукIине ккела. Гьединаб къокъаб диктант, кIиго анкьида жиниб цо нухалдагIаги гьабуни, лъикI букIина.

Учителасе кумекалъе программаялъул ахиралда хъвавул хIалтIабазул (диктантазул, изложениязул ва сочинениязул) къадар бихьизабураб таблица кьун буго.

### Авар мацIалъул дарсазда цоги предметазулгун бухьен

Школалда цIалдохъабаз аслияб куцалда лъазабула литературияб мацI. Гьединлъидал щулияб бухьен букIине ккола адабияталъул курсалъулгун. Гьениб кIвар кьезе ккола художествиял асаразде. Гьелъ рес кьола мацIалъул цо-цо хаслъи цебечIезабизе, рагIаби хIалтIизариялда, грамматикиял формабазда, батIи-батIиял синтаксисиял гIуцIабазда, текста-

лъул бутIабазул ва предложениязул бухьеналъул къагIидабазда, калам хIалтIизабиялъул батIи-батIиял рахъазда хурхарал суалал баян гьаризе.

КIудияб кIвар буго гIурус мацIалъулгун бухьен кквеялъулги. Гьелъги рес кьола кIиябго мацIалъул грамматикиял гIаммал ва хасал рахъал чIезаризе, ай, цого классалда гьеб кIиябго мацI лъазабулелъул, гьезул дандекколелги кколарелги рахъазул хIисаб гьабун, дарс кьей чара гьечIеб методикияб къагIидалъун ккола. Гьебго абизе бегьула школалда лъазабулеб къватIисеб пачалихъалъул мацIалъул хIакъалъулъги.

## ПРОГРАММА

### V КЛАСС (68 сагӀат)

### Байбихьул классазда малъараб материал такрар гьаби (5 сагӀат)

Лабиалиял гьаркьал ва геминатал. РагӀул гӀуцӀи. Каламалъул бутӀаби (предметияб цӀар, прилагательное, глагол ва гьезул морфологиял гӀаламатал; цӀарубакӀ).

### Синтаксис ва пунктуация (18 сагӀат)

1. РагӀабазул дандрай. РагӀабазул дандраязулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагӀи.

2. Предложение. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениялъул тайпаби: хабарияб, суалияб ва тӀалабияб. Интонациялде балагьун, ахӀул предложение. Предложениязул ахиралда лъалхъул ишараби.

Предложениялъул бетӀерал членал: подлежащее, сказуемое, битӀараб дополнение.

Предложениялъул бетӀерал гурел членал: хъвалсараб дополнение, определение, хӀалал.

ТӀиритӀаралги тӀиритӀичӀелги предложениял. Тайпа цоял членалгун предложениял. Тайпа цоял членазда гьоркьоб запятая.

ХитӀаб. ХитӀабгун лъалхъул ишараби. ГӀадатаб ва жубараб предложение. Журарал предложениязулъ ругел гӀадатал предложениял союзаздалъунги союзал гьечӀогоги цолъизаризе бегьи ва запятаялдалъун ратӀа тӀезари (авалияб баян).

БитӀараб калам ва лъалхъул ишараби. Диалог. Диалогалда цебе тире.

2. Хабариял, суалиял, тӀалабиял ва ахӀул предложениязулъ битӀараб интонация цӀунизе лъай.

Диалогал ругеб текст, орфоэпияги цӀунун, пасихӀго цӀализе ругьун гьари.

ГӀадатал предложениял цолъизарун, журарал предложениял гӀуцӀизе лъай.

РагӀабазул дандраял гӀуцӀизе, аслияб рагӀудаса нахъбилълъараб рагӀуе суал лъезе лъай. Цо тайпаялъул предложение цогидаб тайпаялъул предложениялде хисизабизе лъай. Суалал лъун, предложениялъул членал ратӀа рахъизе бугеб бажари камиллъизаби.

ТӀиритӀичӀел предложениял тӀиритӀаралллъун гьаризе лъай. Тайпа цоял членалгун предложениял гӀуцӀизе, гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе лъай.

### Фонетика ва графика. Орфография (9 сагӀат)

1. Каламалъул гьаркьал. Рагьарал гьаркьал ва хӀарпал. Рагьукъал гьаркьал ва хӀарпал. Лабиалиял гьаркьал ва геминатал.

Алфавит. **Я, е, ё, ю** хӀарпал. **Ъ, ь** хӀарпал ва гьез тӀубалеб хъулухъ.

Слог. РагӀи цо мухъидаса цоги мухъиде, слогазде бикьун, боси.

Ударение.

2. РагӀабазулъ рагьукъалги ва рагьаралги гьаркьал рихьизаризе лъай.

Литературияб нормаялда рекъон, рагьукъалги рагьаралги гьаркьал битӀун абизе ругьун гьари.

Авар мацӀалъул орфографияб словаралдаса пайда босизе лъай. РагӀаби слогазде ва гьаркьазде риххиялъул байбихьул классазда щвараб бажари жеги камил гьаби.

Алфавиталъул тартибалда рагӀаби лъезе лъай. ХӀарпал гьаркьаздаса ратӀа рахъизе лъай. Фонетикияб разбор гьабизе лъай (бицунги, хъванги).

### ЛЕКСИКА (5 сагӀат)

1. Лексикаялъул хIакъалъулъ бичIчIи. Цо магIнаялъул ва гIемер магIнаялъул рагIаби. Омонимал (лъай-хъвай гьаби). РагIул битIараб ва хъвалсараб магIна. Синонимал. Антонимал.

2. Авар мацIалъул аслиял словараздаса пайда босизе, тексталда синонимал ва антонимал ратизе лъимал ругьун гьари.

### РагIи лъугьин ва орфография (5 сагIат)

1. РагIул аслу ва ахир. РагIул кьибил. Суффикс. РагIаби лъугьин:

а) кIиго рагIи, яги кIиго кьибил жубаялдалъун;

б) суффиксаздалъун (гIаммаб баян).

2. РагIул гIуцIиялъул разбор гьабизе ругьун гьари. Кьибил цоял рагIаби ратизе ва гьезулъ ахир, аслу, кьибил, суффикс бихьизабизе лъай. Каламалъулъ гьединал рагIаби хIалтIизаризе лъай.

## МОРФОЛОГИЯ ВА ОРФОГРАФИЯ

### Жалго жидедаго чIарал каламалъул бутIаби.<br>ПРЕДМЕТИЯБ ЦIАР (5 сагIат)

1. Предметияб цIар. ГIаммаб магIна, морфологиял гIаламатал, синтаксисияб роль.

Хасал ва гIаммал предметиял цIарал.

Хасал цIаразул (гIадамазул, географиял цIаразул, къватIазул, байданазул цIаразул, тарихиял лъугьа-рахъиназул ва пачалихъиял байрамазул цIаразул) бетIералда кIудияб хIарп. ТIахьазул, газетазул ва журналазул, суратазул, кинофильмабазул, спектаклязул, литературиял ва музыкалиял асаразул цIаразул бетIералда кIудияб хIарп. Гьел цIарал кавычкабаздалъун ратIа гьари. Цо-цо гIаммал цIарал хасаллъун ккей.

Предметияб цIаралъул гIемерлъул форма лъугьин. ГIемерлъул форма лъугьунаго, аслуялъулъ кколел хиса-басиял.

2. Жиндирго каламалъулъ синонималлъун кколел предметиял цIарал ратIарахъизе лъай, гъел хIалтIизаризе цIалдохъаби ругьун гьари. Аслуялъулъ тIубанго хиси ккун лъугьунел рагIаби лъай. Цо-цо рагIул гIемерлъул форма букIунареблъи лъай.

Суффиксазул кумекалдалъун цолъул формаялдаса гIемерлъул форма лъугьинабизе лъай. Цогидал рагIаби предметиял цIаралгун жинсгун формаялъулъ рекъезаризе лъай.

## ГЛАГОЛАЛ (8 сагIат)

1. Глагол. ГIаммаб магIна, морфологиял гIаламатал ва синтаксисияб роль. Рухьарал ва тIадчIарал глаголал. Цо-цо глагол, лексикияб магIнаялде балагьун, бухьараблъунги тIадчIараблъунги букIине бегьи **(кванaзе, сверизе).** Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал.

Глаголияб цIар. Глаголалъул заманаби: араб, бачIунеб, гIахьалаб, гьанже заман, гьел лъугьин ва гьезул буголъиялъул, гьечIолъиялъул форма.

2. Жинсиял глаголал предметиял цIаралгун рекъезарун, калам гIуцIизе ругьун гьари. Синонимиял ва антонимиял глаголал жидерго каламалъулъ хIалтIизаризе ругьун гьари. Рухьарал ва тIадчIарал (переходниял ва непереходниял) глаголал ратIа гьаризе лъай.

Заманиял формабазде глагол хисизабизе лъай. Ункъабго заманалъул гьечIолъиялъул форма лъугьинабизе лъай.

## Такрар гьаби (1 сагIат)
## Калам цебетIезаби (12 сагIат)

Каламалъул стиль. Каламалъул гара-чIвариялъулаб ва гIелмияб стилалъул хIакъалъулъ дагьабго лъай-хъвай гьаби. Тема ва тексталъул аслияб пикру. Текстал рагIун, хехго. гъалатIал риччачIого, цIализе лъай. Интонацияги цIунун, батIибатIиял тайпабазул предложениял цIализе ругьун гьари.

ЦIиял рагIаби битIун абизе ва хъвазе, гьезул магIна бицине, гьезие синонимал ва антонимал ургъизе лъай.

БатIи-батIиял грамматикиял формабазда цIиял рагIабиги ккезарун, предложениял гIуцIизе лъай.

Суалаздалъун предложениял тIиритIизаризе лъай.

ГIурусалдаса авар мацIалде 3-5 предложениялдасан гIуцIарал гьитIинал текстал руссинаризе лъай.

Сверухъ бугеб тIабигIаталда хурхараб темаялда тIасан гара-чIвари гIуцIизе бажари.

Жидецаго ургъун, суалал лъезе, малъарал грамматикиял формабаздаса ва предложениязул тайпабаздаса пайдаги босун, гьезие жавабал кьезе ругьун гьари.

ГьитIинаб текстальул гIадатаб план гIуцIи (бицунги хъванги).

Предметазе гьабураб сипат-сурат цIунун, хабарияб текстал-дасан изложение хъвай.

Суалазда ва планалда рекъон, цIалараб текстальул тартибалда хIасил бицине (абунги хъванги).

Сюжетальулаб суратaлдасан сочинение хъвазе.

Жиндирго хIакъальулъ, дарсазда жинцаго цIалараб тIехьальул хIакъальулъ бицине лъай (абунги хъванги).

Телевизоралдаги киноялдаги рихьарал фильмабазул бицине лъай (абунги хъванги).

Кагъат хъвазе лъай.

БатIи-батIиял темабаздасан сочинение хъвазе лъай.

### V классальул цIалдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял тIалабал.

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

рагIул битIараб ва хъвалсараб, гIемер ва цо магIна букIин, омонимал, синонимал ва антонимал;

фонетикияб, морфологияб ва рагIул гIуцIияльул разбор гьабизе;

батIи-батIиял тайпабазул гIадатал предложениял гIуцIизе;

гIадатал предложениялдасан союзаздалъунги союзал гьечIо-гоги журарал  предложениял гIуцIизе;

учебникалда кьурал схемабазда рекъон, предложениял гIуцIизе;

аслуялъулъ хиси кколел предметиял цIаразул гIемерлъул форма битIун лъугьинабизе.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

**орфографиялъул рахъалъан:** гIадамазул ва географиял цIаразул; къватIазул, байданазул ва пачалихъиял байрамазул цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе;

тIахьазул, газетазул, журналазул, суратазул, кинофильмабазул, литературиял асаразул цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе ва кавычкаби лъезе;

журарал рагIаби битIун хъвазе;

**кули, нус, муч, хIуби** ва **гIор** гIадал рагIаби битIун падежазде сверизаризе.

**Пунктуациялъул рахъалъан:** хитIабазулъ лъалхъул ишараби лъезе; журарал предложениязулъ запятаял лъезе;

тайпа цоял членазулъ ва битIараб каламгун предложениялъулъ лъалхъул ишараби лъезе.

**Орфоэпиялъул рахъалъан:**

геминатал ва лабиалиял гьаркьал битIун рахъизе; бакIалъул диалекталде дандеккун литературияб мацIалъулъ ругел батIибатIиял гьаркьал битIун рахъизе.

**Калам гIуцIиялъул рахъалъан:**

тексталъул тема ва аслияб пикру чIезабизе;

хабарияб тексталъул гIадатаб план гIуцIизе;

дурусго ва къокъго хабариял текстал рицине ва хъвазе;

бихьизабураб темаялда тIасан сочинение хъвазе;

жинцаго гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ хабар хъвазе ва бицине;

информацияб тайпаялъул кагъат хъвазе;

жиндирго пикру баянго, дурусго бицине, берцинго хъвазе, хIажат гьечIеб такрарлъи биччангутIизе, жиндирго каламалъулъ лексикиял синонимал хIалтIизаризе.

## VI КЛАСС (68 сагIат)

Авар мацIалъул хIакъалъулъ къокъаб баян. Рахьдал мацIалъулги гIурус мацIалъулги цоцаздехун бугеб гьоркьоблъиялъул хIакъалъулъ (1 сагIат).

## ЛЕКСИКА ВА ФРАЗЕОЛОГИЯ (6 сагIат)

1. Лексикаялъул хIакъалъулъ V классалда малъараб материал такрар гьаби.

Киназго хIалтIизарулел рагIаби. Диатектиял (бакIалъулал) ва пишачилъиялъулал рагIаби. Цогидал мацIаздаса рачIарал рагIаби. ЦIиял ва басралъарал рагIаби. Фразеологиял сверелал.

2. Лексикаялъул разбор гьабизе ругьун гьари. Словаралдаса цIиял ва басралъарал рагIаби ратизе ругьун гьари.

Фразеологияб словарьгун лъай-хъвай гьаби.

ЦIиял ва басралъарал рагIаби, фразеологиял сверелал, цогидал мацIаздаса рачIарал рагIаби каламалъулъ хIалтIизаризе лъай.

### РагIи лъугьин ва битIунхъвай (10 сагIат)

1. V классалда малъараб материал такрар гьаби. Морфологияб къагIидаялъ цIиял рагIаби лъугьин:

а) суффиксаздалъун;

б) кIиго рагIи яги кIиго кьибил жубаялдалъун.

РагIул флексиялдалъун, ударениялъ бакI хисиялдалъун, цо каламалъул бутIаялъул рагIаби цогиялде свериялдалъун цIиял рагIаби лъугьиналъул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи.

Журарал рагIабазул битIунхъвай.

2. БатIи-батIиял суффиксаздалъун цIиял рагIаби лъугьинаризе ругьун гьари.

Журарал, журарал къокъ гьарурал рагIаби кIалзул ва хъвавул каламалъулъ битIун хIалтIизаризе ругьун гьари.

### Предметияб цIар (7 сагIат)

1. Предметияб цIар падежазде свери (цолъул формаялда). Предметияб цIаралъул гIемерлъул форма лъугьин. (Тема гIатIид гьаби).

ГIемерлъул формаялда предметиял цIарал падежазде свери.

Падежазул ахиразул битIунхъвай.

Предметияб цIаралъул суффиксазул битIунхъвай.

Журарал предметиял цIаразул битIунхъвай.

2. Предметиял цIаразул морфологияб разбор гьабизе лъай. Суалаздалъун предметияб цIаралъул падежал рихьизаризе лъай.

Суалазда рекъон предметиял цIарал падежазда лъезе лъай.

БатIи-батIиял падежазул формабазда ругел предметиял цIарал жиндирго каламалъулъ хIалтIизаризе лъай.

РагIабазулъ суффиксал рихьизаризе ва гьезул кумекалдалъун батIи-батIияб магIнаялъул предметиял цIарал лъугьинаризе лъай.

**Прилагательное (6 сагIат)**

1. Прилагательное. ГIаммаб магIна, морфологиял гIаламатал ва синтаксисияб роль. Прилагательное жинсгун формаялъулъ предметияб цIаргун рекъонккей. Качествиял, гьоркьоблъиялъулал ва бетIергьанлъи бихьизабулел прилагательноял.

Предметияб цIарлъун хIалтIизарурал прилагательноял падежазде свери.

Журарал прилагательноязул битIунхъвай.

ГIурус мацIалдаса рачIарал прилагательноязул битIунхъвай.

2. Синонимиял ва антонимиял гIаламатал рихьизарулел прилагательноял каламалъулъ хIалтIизаризе лъай.

Предметалъул батIи-батIиял гIаламатал рихьизарулел прилагательноял каламалъулъ хIалтIизаризе лъай.

Кинаб бугониги предметалъе прилагательноялдалъун характеристика кьезе лъай.

Прилагательное жинсалъулъ ва формаялъулъ предметияб цIаргун рекъон ккезабизе лъай **(багIарав, багIарай, багIараб, багIарал).**

## РикIкIен (7 сагIат)

1. РикIкIен. ГIаммаб магIна, морфологиял гIаламатал, синтаксисияб роль.

ГIуцIиялде балагьун гIадатал, журарал, составиял рикIкIенал ва гьезул битIунхъвай.

Къадаралъул рикIкIен ва разрядал; цадахълъи бихьизабулел, щаклъи бихьизабулел, тIолголъи бихьизабулел, бутIа бичIчIизабулел (дробазул); гьезул битIунхъвай.

Иргадул рикIкIен, гьеб лъугьунеб куц ва гьелъул битIунхъвай.

Къадаралъул ва иргадул рикIкIеналъул цIар падежазде свери.

2. Предметияб цIаргун рекъонккезабизе лъай. **(5 бакI, 5 – 10 вас, 1941 – 1945 абилел сонал).**

БатIи-батIиял падежазул формабазда рикIкIен каламалъулъ хIалтIизабизе лъай.

## ЦIарубакI (5 сагIат)

1. ЦIарубакI. ГIаммаб магIна, морфологиял гIаламатал ва синтаксисияб роль. МагIнаялде балагьун, цIарубакIазул разрядал: гьумералъул, ишараялъул, баянлъул, баянлъи гьечIел, суалиял, абсолютиял (гьечIолъиялъул), жибголъиялъул.

ЦIарубакIал падежазде свери. ЦIарубакIазул битIунхъвай.

2. ЦIарубакIал жиндирго каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. Гьумералъул цIарубакIал **ниж, нилъ, нуж** битIун хIалтIизаризе лъай.

Предметияб цIаралъул бакIалда цIарубакI хIалтIизабизе лъай. Баянлъул, баянлъи гьечIел ва абсолютиял цIарубакIал гIадатал падежазде сверизаризе лъай.

## Причастие (5 сагIат)

1. Причастие – глаголалъул хасаб форма. Причастие лъугьунеб куц. Причастиялъул ва прилагательноялъул гIаммал гIаламатал. Гьезда гьоркьоб батIалъи.

Предложениялда жаниб причастиялъул роль. Причастиял сверелал ва гьезулъ лъалхъул ишараби.

Причастиялъул заманаби: араб, гIахьалаб, бачIунеб.

Причастиялъул буголъиялъул ва гьечIолъиялъул формаби. Предметияб цIарлъун хIалтIизабураб причастие падежазде свери.

2. Предметияб цIаргун причастие рекъон ккезабизе, хасго жинсиял глаголаздасан лъугьараб причастие предметиял цIаралгун рекъезабиялъул хаслъи лъай. Причастиял сверелал ратIа рахъизе ва гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе ругьун гьари.

Глаголаздаса лъабабго заманалъул причастиял лъугьинаризе лъай.

**Деепричастие (5 сагIат)**

1. Деепричастие – глаголалъул хасаб форма. Деепричастиялъул глаголалда ва наречиялда релълъарал гIаламатал. Предложениялда жаниб деепричастиялъул роль. Деепричастиялъул заманаби: араб ва гIахьалаб; гьел лъугьунеб куц.

Деепричастиял сверелал за гьезулъ лъалхъул ишараби.

2. Деепричастиял лъугьинаризе ва гьел жиндирго каламалъулъ хIалтIизаризе лъай, деепричастиял сверелал ратIарахъизе ва гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе ругьун гьари.

**Такрар гьаби (1 сагIат)**
**Калам цебетIезаби (15 сагIат)**

Каламалъул стилалъул, темаялъул ва тексталъул, аслияб пикруялъул хIакъалъулъ малъараб жо такрар гьаби.

Орфоэпияги цIунун, текстал битIун, рагIун ва чвахун цIализе лъай.

ЦIиял рагIаби лъазари. Гьел битIун абизе ва хъвазе лъай.

ЦIиял рагIабиги гьоркьоре ккезарун, предложениял гIуцIизе лъай.

Каламалъулъ синонимал, антонимал хIалтIизаризе бажари.

Цо хасаб грамматикияб формаялъе кицаби ва абиял ракIари.
5 – 8 къокъаб предложениялдасан данде гьабураб текст

гIурусалдаса авар мацIалде буссинабизе лъай.

Суалазе жаваб гьабизе, жалго жидедаго чIун, суалал лъезе ругьун гьари.

Жубараб план гIуцIи.

Планалда рекъон текст, гьоркьор ругел глаголал заманаздеги хисун, бицин.

Сверухъ бугеб гIумруялъул, тIабигIаталъул, рукъ-бакIалъул хIакъалъулъ хабар гIуцIи.

ЦIалдохъанасул чIванкъотIараб лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ хабар гIуцIи.

Сюжеталъулал суратазул хIасил къокъго ва гIатIидго бицине бажари.

Сверухъ ругел предметазул, цIаларал тIахьазул, гIагараб ракьалъухъ халкквеялъул, жидерго расандабазул, рекIелгъеязул, гьудул-гьалмагъзабазул хIакъалъулъ бицине бажари. Цинги суалазе жавабал хIисабалда хъвазе лъай.

Сочинениялъе хIажатаб материал тартибалде ккезаби. ГIадамазухъа ккарал ишазул хIакъалъулъ жиндирго пикру загьир гьабун, сочинение хъвай.

ТIабигIаталъул, рукъ-бакIалъул сипат-сурат гьорлъе ккезабун, хабарияб тексталда тIасан гIатIидго, къокъго яги тIаса бищун изложение хъвай.

Школалъул газеталда батIи-батIиял темабазда тIасан макъалаби хъвай.

ЗахIматалъул темаялда тIасан творческиял сочинениял хъвай.

ГIарза, расписка хъвазе ругьун гьари.

## VI классалъул цIалдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял тIалабал

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

цогидал мацIаздаса рачIарал рагIаби, цIиял ва басралъарал рагIаби, фразеологиял сверелал;

морфологияб къагIидаялда рагIи лъугьинабизе;

цолъул ва гIемерлъул формаялда предметиял цIарал падежазде сверизаризе;

гIадатаб ва жубараб прилагательное лъугьинабизе;

иргадул рикIкIеналгун предметиял цIарал рекъон ккезаризе;

причастиял ва деепричастиял лъугьинаризе;

рагIул гIуцIиялъул разбор гьабизе.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

**орфографиялъул рахъалъан:**

предметияб цIаралъул суффиксал битIун хъвазе;

журарал предметиял цIарал битIун хъвазе;

батIи-батIиял каламалъул бутIабаздаса лъугьарал прилагательноял битIун хъвазе;

рикIкIен ва цIарубакIал битIун хъвазе.

**Пунктуациялъул рахъалъан:**

причастиял ва деепричастиял сверелазулъ лъалхъул ишараби лъезе.

**Орфоэпиялъул рахъалъан:**

гIемерлъул формаялда цIарубакIазул падежиял ахирал битIун цIализе.

**Калам гIуцIиялъул рахъалъан:**

жубараб план гIуцIизе;

батIи-батIиял темабазда тIасан хабарияб тайпаялъул текст дурусго ва къокъго бицине;

темаялъул аслияб пикруги хIисабалде босун, сочинениялъе материал данде гьабизе ва гьеб тартибалде ккезабизе;

цо сундул бугониги цебе суратги чIезабун, хабар гIуцIизе; бахIс ккараб темаялда тIасан макъала хъвазе.

## VII КЛАСС (68 сагIат)

## Такрар гьаби (4 сагIат)

## МОРФОЛОГИЯ ВА ОРФОГРАФИЯ

### Глагол (22 сагIат)

1. Глаголалъул мурадияб форма (инфинитив), гъеб лъугьунеб куц. «Гьабизе» – кумекалъул глагол.

Журарал глаголал ва гьезул битIунхъвай.

Араб, гьанже ва бачIунеб заманалъул составиял глаголал.

Глаголалъул такрарлъиялъул форма.

ГIинзул глагол.

Глаголалъул наклонениял: хабарияб, тIалабияб, суалияб, шартIияб ва гьел лъугьунеб куц. Гьезул буголъиялъулги гьечIолъиялъулги формаби.

ТIалабиял наклонениялъул гьари магIнаялъул ва гьесизариялъул формаби.

ШартIияб наклонениялъул анищалъул форма. Глаголазул битIунхъвай.

2. Глаголалъул мурадияб форма жидерго каламалъулъ битIун хIалтIизабизе ругьун гьари.

Составиял глаголал лъугьинаризе, гьел каламалъулъ хIалтIизаризе ва текстазулъа ратIа рахъизе цIалдохъаби ругьун гьари.

Цо наклонениялъул бакIалда цоги наклонениялъул глагол лъезе ругьун гьари.

ТIалабияб, хабарияб, шартIияб ва суалияб наклонениялъул батIи-батIиял формаби каламалъулъ хIалтIиризе ругьун гьари.

**Наречие (7 сагIат)**

1. Наречие. ГIаммаб магIна, морфологиял гIаламатал ва синтаксисияб роль.

Наречиялъул разрядал. Наречиялъул суффиксал.

Жинсияб гIаламат цIунарал наречиял.

Предметиял цIаразул цо-цо падежияб форма наречиязде свери.

Наречиязул битIунхъвай.

2. Текстазулъ наречиял ратун, гьезул разряд бицине лъай. Кинаб букIаниги ишалъе наречиялдалъун характеристика кьезе лъай.

Жиндирго каламалъулъ тартиб ккезабиялъе ругел наречиял хIалтIизаризе лъай **(тIоцебе, кIиабизе гIадал).**

Жиндирго каламалъулъ синонимиял наречиял хIалтIизаризе ругьун гьари.

## КУМЕКАЛЪУЛАЛ КАЛАМАЛЪУЛ БУТIАБИ (6 сагIат)

### Союз (3 сагIат)

1. Союз. Синтаксисияб роль. СокIкIиналъул ва нахърилълъиналъул союзал. СокIкIиналъул союзазул группаби. Союзазул битIунхъвай.

2. МагIна дандекколел союзал хIалтIизаризе лъай. Союзалги гъорлъе ккезарун, предложениял ургъизе лъай.

Текстазулъ союзал рати ва, магIнаялдеги балагьун, характеристика кьезе лъай.

### Частицаби (3 сагIат)

1. Частицаби. МагIнаялде ва кIваралде балагьун, частицабазул группаби. Частицабазул битIунхъвай.

2. МагIнаялъухъ балагьун, частицаби хIалтIизаризе лъай. Частицабигун предложениял берцинго цIализе лъай.

### ХадурегIел (3 сагIат)

1. ХадурегIел. ХадурегIелаллъун хIалтIизарулел наречиял. ХадурегIелаз жидедаго цадахъ цо хасал падежал тIалаб гьари.

2. Падежалгун хадурегIел хIалтIизабизе ругьун гьари.

### Междометие (3 сагIат)

1. Междометие. Каламалъулъ гьелъул магIна ва кIвар. Междометиязул битIунхъвай ва лъалхъул ишараби.

2. Междометиял ругел предложениял берцинго цIализе лъай. Междометиялги гъорлъе ккезарун, предложениял гIуцIизе лъай.

## ТАКРАР ГЬАБИ (5 сагIат)

### Калам цебетIезаби (18 сагIат)

Учителас кьурал художествениял асарал яги гьезул кескал пасихIго цIали.

Живго жиндаго чIун, гьитIинаб хабарияб асаралъул гIадатаб ва жубараб план гIуцIизе бажари.

Хабарияб текст къокъго, гIатIидго бицине ругьун гьари.

Текст магIна бугел бутIабазде биххизе ругьун гьари.

МагIна бугел бутIабазда цIар лъей.

Сочинениялъе материал бакIаризе, гьеб тартибалде ккезабизе ва план гIуцIизе лъай.

Литературиял героязул, гIагараб росдал, цIалдохъабазул жидерго захIматалъул, гьез обществоялъе гьабулеб пайдаяб хIалтIул ва гь.ц. хIакъалъулъ сочинение хъвай.

Общественниябгун политикияб темаялда тIасан сочинение хъвай.

Хабариял текстазда тIасан изложение хъвай.

Доверенность, телеграмма хъвазе ругьун гьари.

## VII классалъул цIалдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял тIалабал

**Щалдохъабазда лъазе ккола:**

**VII** классалда лъазарурал жалго жидедаго чIарал ва кумекалъулал каламалъул бутIаби баян гьаризе;

глаголалъул батIи-батIиял формаби лъугьинаризе.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

**орфографиялъул рахъалъан:**

байбихьул классазда ва V, VI, VII классазда лъазабураб мацIалъул материалалда данде кколел орфограммаби баян гьаризе;

глаголал битIун хъвазе;

союзал, хадурегIел ва частицаби битIун хъвазе.

**Пунктуациялъул рахъалъан:**

междометиязда хадуб запятая яги ахIул ишара лъезе.

**Орфоэпиялъул рахъалъан:**

глаголал, наречиял **(аскIоб, цебе, гъорлъ ва гь. ц.)** ва частицаби, авар литературияб мацIалъул орфоэпия цIунун, цIализе.

**Калам гIуцIиялъул рахъалъан:**

гIадамасул сипат-сураталъулги хIалтIул иналъулги описаниялъул элементал ругеб хабариб тексталъул гIатIидгоги къокъгоги изложение хъвазе;

гIадамасул хIалтIул иналъул сурат цебечIезабун, хъвазе; бихьизабураб сюжеталда рекъон, харбал хъвазе;

жалго цIалдохъабазул гIумруялда хурхарал, жидерго пикру бициналъулал сочинениял хъвазе.

### VIII КЛАСС (68 сагIат)
### Такрар гьаби (5 сагIат)

## СИНТАКСИС ВА ПУНКТУАЦИЯ

### РагIабазул дандрай (4 сагIат)

1. РагIабазул дандрай. РагIабазул дандраялъул гIуцIи ва кIвар. РагIабазул сокIкIиналъулаб бухьен; нахъбилълъиналъулаб бухьен ва гьелъул тайпаби: рекъонккей, управление, примыкание (лъай-хъвай гьаби).

2. РагIабазул дандраязулъ цогиялда жиб бараб рагIи битIун хIалтIизабизе лъай.

Предложениялда жанир рагIабазул дандраял ратизе ва гьезда гьоркьоб грамматикияб бухьен чIезабизе ругьун гьари.

### Предложение (3 сагIат)

1. Предложение ва гьелъул гIуцIи. Подлежащеялъулгун ва битIараб дополнениялъулгун сказуемоялъул бухьен (лъай-хъвай гьаби). Предложениязулъ рагIабазул тартиб. Логикияб (маг!наялъулаб) ударение. Предложениязул тайпаби.

2. РагIабазул дандраяздасан предложениял гIуцIизе лъай. Логикияб ударениялде ва рагIабазул тартибалде балагьун,

предложениялъулъ бищунго кIвар бугеб ргIи батIа гьабизе бажари.

МагIнаялде ва абиялде балагьун, тексталда жанир предложениязул тайпаби ратIа гьаризе лъай.

Цо тайпаялъул предложение цогидаб тайпаялъул предложениялде хисизабизе бугеб бажари камиллъизаби.

**Предложениялъул бетIерал членал (7 сагIат)**

Подлежащее. Подлежащеелъун батIи-батIиял каламалъул бутIаби ккей. Подлежащеялъул падежиял формаби.

Сказуемое. ГIадатаб сказуемое. Составияб сказуемое: цIарулаб составияб сказуемое, глаголияб составияб сказуемое.

Подлежащеялдаги сказуемоялдаги гьоркьоб тире.

БитIараб дополнение. БитIараб дополнениелъун кколел каламалъул бутIаби. Аслияб падежалда бугеб подлежащеялдаги битIараб дополнениялдаги гьоркьоб батIалъи.

БатIи-батIиял каламалъул бутIабазда бугеб подлежащеегун предложение гIуцIизе лъай.

ЦIарулал ва глаголиял составиял сказуемоялги гьоркьоре ккезарун, предложениял гIуцIизе лъай.

БитIараб дополнениегун предложениял гIуцIизе лъай.

**Предложениялъул бетIерал гурел членал (8 сагIат)**

1. Хъвалсараб дополнение. Хъвалсараб дополнениелъун кколел каламалъул бутIаби.

Определение. Определениелъун кколел каламалъул бутIаби. Рекъон ккарабги ва рекъон ккечIебги определение ва гьелда хурхун рукIунел гъалатIал. Цадахълъел. Цадахълъелазулъ лъалхъул ишараби.

ХIал. МагIнаялде балагьун, хIалазул тайпаби: заманлъун, бакIлъун, ишалъул куцлъун, гIилла-мурадлъун кколел хIалал.

2. БатIи-батIиял падежазул формабазда хъвалсарал дополнениялги ккезарун, предложениял ургъизе ругьун гьари.

Рекъон ккаралги рекъон ккечIелги определениял жиндирго каламалъулъ хIалтIизаризе лъай.

БатIи-батIиял рагIаби цадахълъелаллъунги ккезарун, предложениял гIуцIизе ва гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе лъай.

**ТIиритIарал ва тIиритIичIел предложениял**
**(такрар гьаби) (1 сагIат)**

1. ТIиритIарал ва тIиритIичIел предложениял.

2. Кьурал предложениязда тIаде бетIерал гурел членалги журан, гьел тIиритIизаризе ругьун гьари. ТIиритIарал предложениязда жанир бетIерал членал ратизе бажари.

**ГIуцIиялъул рахъалъ гIадатаб предложениялъул тайпаби**
**(4 сагIат)**

1. БетIерал членал баянаб предложение. Подлежащее баянлъичIеб предложение, подлежащее гьечIеб предложение, битIараб дополнение гьечIеб предложение, цIарлъовул предложение.

2. Церехун рехсарал предложениязул тайпаби жидерго каламалъулъ хIалтIизаризе бажари.

**ТIубараб ва тIубачIеб предложение (2 сагIат)**

1. ТIубарал ва тIубачIел предложениял.

2. ТIубарал ва тIубачIел предложениял цоцаздаса ратIарахъизе ва гьел жидерго каламалъулъ хIалтIизаризе лъимал ругьун гьари.

**Предложениялъул тайпа цоял членал (4 сагIат)**

1. Союзалгунги союзал гьечIогоги тайпа цоял членал такрар гьари.

Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби. Тайпа цоял членалгун цадахъ гIамлъул рагIаби ва гьезулъ лъалхъул ишараби.

2. Тайпа цоял членаздаса рагIи такрарлъи батIа бахъизе лъай. Тайпа цоял членалгун цадахъ гIамлъул рагIаби ругеб предложение, интонацияги цIунун, пасихIго цIализе ругьун гьари.

Тайпа цоял членалги гьоркьоре ккезарун, предложениял гIуцIизе лъай.

Тайпа цоял членазе данде кколел гIамлъул рагIаби рищун росизе лъай.

Тайпа цоял членалгун предложениязулъ лъалхъул ишараби битIун лъезе лъай.

**ХитIабгун, гьоркьор ккарал рагIабигун, У ва ГУРО рагIабигун ва междометиялгун предложениял (4 сагIат)**

1. ХитIаб (такрар гьаби). ТIибитIараб хитIаб. ХитIабалда цадахъ лъалхъул ишараби.

Гьоркьор ккарал рагIаби, предложениял ва гьезулъ лъалхъул ишараби.

У ва гуро рагIабигун ва междометиялгун предложениял ва гьезулъ лъалхъул ишараби.

2. ХитIабги гьоркьор ккарал рагIабиги ругел предложениял, интонация цIунун, цIализе ва лъалхъул ишараби битIун лъезе ругьун гьари.

Каламалъулъ хитIабги гьоркьор ккарал рагIабиги хIалтIизаризе лъай.

ТIиритIичIелги тIиритIаралги хитIабал гьоркьоре ккезарун, гьитIинабго хабар гIуцIизе лъай.

**РатIалъизарурал членалгун предложениял (5 сагIат)**

1. РатIалъизарурал членазул хIакъалъулъ бичIчIи кьей.

РатIалъизарурал определениял ва цадахълъелал.

РатIалъизарурал хIалал. ХIалал дурус гьаризе хIалтIизарулел рагIаби ва рагIабазул дандраял.

РатIалъизарурал членазда цадахъ хасал рагIаби.

РатIалъизарурал членазулъ лъалхъул ишараби.

2. РатIалъизарурал членалгун предложениял каламалъулъ хIалтIизаризе ва гьел букIине кколеб интонациягун цIализе лъай.

РатIалъизарурал членал лъалхъул ишарабаздалъун тIезаризе лъай.

**Такрар гьаби (3 сагIат)**
**Калам цебетIезаби (18 сагIат)**

Художествияб текст пасихIго цIали.

Кьураб темаялда тIасан хабар гIуцIизе (бицунги хъванги).

Жиндирго автобиография бицине лъай (абунги хъванги).

Хабариял текстазул изложение хIисабалда хIасил дурусго ва къокъго бицине (абунги хъванги).

Культуриял ва тарихиял бакIазул сурат цебечIезабулел текстазда тIасан изложение хъвай.

Газеталде макъалаби, данделъиялъул протокол хъвазе ругьун гьари.

Пурусалдаса авар мацIалде батIи-батIиял стилазул текстал руссинаризе лъай (бицунги хъванги).

Моралиябгин этикияб темаялъул, ВатIан бокьиялъул темабазда тIасан, жиндирго пикру загьир гьабун, сочинение хъвай.

Кьураб темаялда тIасан хабарияб тайпаялъул сочинение. Жинцаго цIалараб литературияб асаралъе къимат кьезе (бицунги хъванги).

**VIII классалъул цIалдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял тIалабал**

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

рагIабазул дандраязул, батIи-батIиял тайпабазул гIадатал предложениязул, ратIалъизарурал членалгун предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе;

рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен баян гьабизе;

цо составалъул, кIиго составалъул ва лъабго составалъул, тайпа цоял ва ратIалъизарурал членал, хитIабал ва гьоркьор ккарал рагIаби ругел гIадатал предложениял гIуцIизе.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

**пунктуациялъул рахъалъан:**

VIII классалда малъарал пунктограммаби ратун, гьенир лъалхъул ишараби лъезе;

тайпа цоял членал, хитIаб, гьоркьор ккарал рагIаби ва междометиял, ратIалъизарурал членал ругел предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе;

кколеб бакIалда подлежащеялдаги сказуемоялдаги гьоркьоб тире лъезе.

**Калам гIуцIиялъул рахъалъан:**

культуриял ва тарихиял бакIазул сурат цебечIезабулел текстазда тIасан изложение хъвазе;

художествиял текстал пасихIго цIализе;

жиндирго автобиография бицине (абунги хъвянги);

газеталъе макъалаби, данделъиялъул протокол хъвазе;

захIматалъул темаялда ва гь.ц. тIасан творческиял сочинениял хъвазе.

## IX КЛАСС (68 сагIат)

### Такрар гьаби (2 сагIат)

### Жубараб предложение (1 сагIат)
### Журарал сокIкIарал предложениял (3 сагIат)

1. Журарал сокIкIарал предложениязул хIакъалъулъ гIаммаб баян.

Цолъизарул, дандеккунгутIиялъул, гьоркьоса рахъиялъул союзалгун журарал сокIкIарал предложениял.

Журарал сокIкIарал предложениязулъ лъалхъул ишараби.

2. ГIадаталги жураралги предложениял ратIа гьаризе бажари. ГIадатал предложениял журараллъун лъугьинаризе бажари. Журарал сокIкIарал предложениязул бутIабазулъ сокIкIиналъул союзал хIалтIизаризе ругьун гьари.

Журарал сокIкIарал предложениял букIине кколеб интонациялдалъун цIализе ругьун гьари.

### СоюзрагIабигун журарал нахърилълъарал предложениял (4 сагIат)

1. Жубараб нахъбилълъараб предложениялъул хIакъалъулъ гIаммаб баян.

БетIераб ва тIаджубараб предложение.

Нахърилълъиналъул союзрагIабигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение.

2. Нахърилълъиналъул союзрагIабигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложениязул бутIабазулъ магIнаялъулъ рекъон кколел союзрагIаби хIалтIизаризе ругьун гьари.

Нахърилълъиналъул союзрагIабигун ругел журарал нахърилълъарал предложениял жиндирго каламалъулъ хIалтIизаризе лъай.

**Нахърилълъиналъул союзрагIаби гьечIого журарал нахърилълъарал предложениял ва гьезул гIуцIи (16 сагIат)**

1. ТIаджурарал предложениязул аслиял тайпаби ва гьезул сказуемоелъун кколел формаби:

Подлежащеелъун тIаджубараб предложение.

БитIараб дополнениелъун тIаджубараб предложение.

Хъвалсараб дополнениелъун тIаджубараб предложение.

Определениелъун тIаджубараб предложение.

Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение. Гьелъул гIуцIи ва лъалхъул ишараби.

ХIаллъун тIаджурарал предложениял.

Ишалъул куцлъун тIаджубараб предложение.

БакIлъун тIаджубараб предложение.

Заманлъун тIаджубараб предложение.

ГIилла-мурадлъун тIаджубараб предложение.

ШартIияб тIаджубараб предложение.

Уступительнияб тIаджубараб предложение.

Нахърилълъиналъул союзрагIаби гьечIого жубараб нахъбилълъараб предложениялъулъ лъалхъул ишараби.

2. БетIерабги тIаджубарабги предложение, интонацияги цIунун, пасихIго цIализе ругьун гьари.

Нахърилълъиналъул союзрагIаби гьечIого, журарал нахърилълъарал предложениял жидерго каламалъулъ хIалтIизаризе,

гьел гӀуцӀизе ва гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе цӀалдохъаби ругьун гьари.

**Союзал гьечӀел журарал предложениял (7 сагӀат)**

1. Союзал гьечӀел журарал предложениязулъ ругел бутӀабазул цоцаздехун бугеб гьоркьоблъи. Союзал гьечӀел журарал предложениязулъ лъалхъул ишараби.

2. Союзал гьечӀел журарал предложениял, интонацияги цӀунун, цӀализе ругьун гьари.

МагӀнаялъулъ рекъон кколел союзал ялъуни союзрагӀабиги лъун, союзал гьечӀел журарал предложенияздаса журарал сокӀкӀарал ва нахърилълъарал предложениял лъугьинаризе бажари.

**БитӀараб ва хъвалсараб калам (8 сагӀат)**

1. БитӀараб каламгун предложениял ва гьенир лъалхъул ишараби. БитӀараб каламалда ва авторасул рагӀабазда гьоркьоб бугеб бухьен.

Хъвалсараб каламгун предложение. БитӀараб калам хъвалсаралдалъун хиси.

Диалог. Циматал ва гьенир лъалхъул ишараби.

2. БитӀараб каламгун предложениял гӀуцӀизе бажари.

Кколеб интонациягун, битӀараб каламгун предложениял цӀализе ругьун гьари.

БитӀараб калам хъвалсаралде сверизабизе ругьун гьари.

**МацӀалъул хӀакъалъулъ гӀаммал баянал (3 сагӀат)**

Бухьеналъул алат хӀисабалда мацӀ. ЦебетӀолеб лъугьабахъин хӀисабалда мацӀ. Аваразул литературияб мацӀ ва гьелъул диалектал.

**Такрар гьаби (4 сагӀат)**
**Калам цебетӀезаби (18 сагӀат)**

Каламалъул стилалъул, темаялъул, аслияб пикруялъул, тексталъул хIакъалъулъ щварал баянал тартибалде рачин.

Героязул ишазул, хасият-гIамалалалъул хIакъалъулъ биценги гъорлъе ккезабун, хабариял текстазул тIасабищараб изложение хъвай. Моралиябгун этикияб, общественниябгун политикияб темаялда хурхараб сочинение хъвай.

РухIияб бечелъиялда, общественниябгун политикияб темаялда хурхараб доклад ялъуни реферат хъвай.

Живго жиндаго чIун, цIалараб асаралъул героясе характеристика кьезе лъай (бицунги хъванги).

Кинофильмалъул, тIехьалъул хIакъалъулъ рецензия хъвазе лъай.

БатIи-батIияб темаялда хъварал макъалабазул къокъаб хIасил хIадури.

**IX классалъул цIалдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял тIалабал**

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

журарал предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе;

батIи-батIияб тайпаялъул журарал предложениял данде гьаризе;

битIараб калам хъвалсаралде сверизабизе.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

**пунктуациялъул рахъалъан:**

жубараб сокIкIараб предложениялъул бутIабазда гьоркьоб запятая лъезе;

жубараб предложениялъул бетIераб ва тIаджубараб бутIаялда гьоркьоб кколелъуб запятая лъезе.

союз гьечIеб жубараб предложениялъулъ хIажатал лъалхъул ишараби лъезе;

IX классалда лъазарурал пунктограммаби ратизе ва лъалхъул ишарабазе баян кьезе.

**Калам гIуцIиялъул рахъалъан:**

цо чIараб темаялъул хIакъалъулъ кIудияб асаралъул

тIасарищарал бакIал рицине;

2-3 асаралда тIасан доклад хIадур гьабизе;

гьитIинаб ялъуни кIудияб макъалаялда тIасан конспект ялъуни тезисал хIадуризе;

жалго жидедаго чIун, тIасабищараб темаялда тIасан публицистияб стилалъул сочинение хъвазе;

гIарза ва автобиография хъвазе;

МацIалъул ва магIнаялъул рахъалъан сочинение камиллъизабизе.

**Орфоэпиялъул рахъалъан:**

кIалзул калам литературияб норма цIунараб ва диалектаздаса бацIцIадаб букIинабизе.

### V-IX КЛАССАЗДА ЩИБАБ ЧЕТВЕРТАЛДА ГЬАРУЛЕЛ БАТIИ-БАТIИЯЛ ХЪВАВУЛ ХIАЛТIАБАЗУЛ КЪАДАРАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ БАЯН

| Ирга-дул | Классал ва четвертал | V класс | VI класс | VII класс | VIII класс | IX класс | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | четвертал | четвертал | четвертал | четвертал | четвертал | |
| №№ | Хъвавул хIалтIабазул тайнаби | 1 2 3 4 | 1 2 3 4 | 1 2 3 4 | 1 2 3 4 | 1 2 3 4 | Кинаниги V-IX классал |
| 1. | Контролияб диктант | 2 1 1 1 | 2 1 1 1 | 2 1 1 1 | 1 1 1 1 | 1 1 1 1 | 23 |
| 2. | Ругьун гьариялъул диктант | 2 1 2 1 | 2 1 2 1 | 1 1 1 1 | 1 - 1 1 | - - - 1 | 20 |
| 3. | Контролияб изложение | 1 - 1 - | 1 - 1 - | 1 - 1 - | 1 - 1 - | 1 - 1 - | 10 |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 4. | Ругьун гьариялъул изложение | 1 1 2 - | 1 1 1 1 | 1 1 1 - | 1 1 1 1 | 1 1 1 - | 18 |
| 5. | Контролияб сочинение | - 1 - 1 | 1 - 1 - | - 1 1 1 | - 1 1 1 | - 1 1 1 | 13 |
| 6. | Ругьун гьариялъул сочинение | 1 1 1 2 | 1 1 1 1 | - 1 1 1 | 1 1 1 2 | 1 2 1- | 21 |

**Цадахълъел №1**

# V–IX КЛАССАЛДА АВАР МАЦIАЛЪЕ КЪИМАТАЛ ЛЪЕЗЕ ЧIЕЗАРУРАЛ НОРМАБИ

## Къиматал лъолеб куцалъе баян

Школалъул реформаялъ тIалаб гьабулеб буго гIунбачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъул иш жеги тIадегIанаб даражаялде бахинаби, цIалдохъабазулъ ракIа-рахари, гIадлу-низам, жавабчилъиялъул асар куцаялде цIикIкIун кIвар кьей ва таваккалаб къагIидаялъ школалдаса формализм лъугIизаби, цIалдохъабазул лъай борциналъулъ, цIалул ва тарбия кьеялъул ишалъулъ тIаса-масагояб бербалагьи гьабиялъе ахир лъей, процентазда хадур лъугьун, цIалуда хадургъеялъул иш цIахъа-рахъан бачиналъул хIужжаби тIагIинари.

ЦIалдохъабазул гIамал куцаялъе кIудияб кIвар буго битIараб къагIидаялъ жиндир заманалда лъималазул лъай ва бажари борциналъул, гьезие мухIканаб ва хIакъикъияб къимат

кьеялъул. БитIараб тIалабчилъиялда лъолеб къиматалъ квербакъула лъималазул цIалул даража борхизабизе, цIалулъги, хIалтIулъги, гIадамазда гьоркьобги гIадлу цIунизе, жидедехунго жавабчилъи бижизе, жидерго къимат гьабизе, ритIухълъиялъе, намус бацIцIалъиялъе гIоло къеркьезе ругьунлъизе. Гьелъул гIаксалда, агъаз гьечIолъиялъ, лъай гьечIониги, лъикIаб къимат лъеялъ, гьединго, лъалаго къимат гIодобе бачиналъ цIалдохъабазул гIадлу ва гIамал хвезабула, захIмат бихьичIого, бигьаго лъай щолеб бугин ккеялде, гIетI бачIого, гIумру гьабизе лъугьиналде, обществоялда цебе жидер жавабчилъи тIагIиналде рачуна.

Процентазда хадур лъугьинги формализмаги школалдаса лъугIизабиялъул мурадалда къваригIараб буго лъималазул лъаялъул гъварилъи ва щулалъи борцине, малъараб теориялъулаб материалалдаса эркенго ва лъан пайда босизе бажарулеб бугищали хал гьабизе ва гьелъул кьучIалда къиматги лъезе.

Авар мацI малъулаго, цIалдохъабазе щвараб лъай, лъугьараб бажари ва ругьунлъиялъул даража цого тIалабазда рекъон борцине чIезарун руго къиматазул гьал нормаби. Гьезда гъорлъе уна:

1) битIун хъваялъе, калам цебетIеялъе, хабаралъул (кIалъаялъул) магIнаялъе къимат кьеялъул цогоял къагIидаби чIезари;

2) лъаялъе, бажариялъе ва ругьунлъиялъе къимат лъеялъул нормаби;

3) батIи-батIиял хъвавул хIалтIабазе лъолел къиматазул къадар;

4) батIи-батIиял хъвавул хIалтIабазул роцен.

ЦIалдохъабаздаса тIалаб гьабизе ккола гIицIго гьезда малъараб, тIад хIалтIараб материалалда рекъараб лъай ва. бажари. Авар мацIалъул дарсида, хал гьабун, борцуна:

а) мацIалъул гIелмуялдаса, малъарал баянал лъай;

б) битIунхъваялъе ва лъалхъул ишараби лъеялъе ругьунлъи;

в) калам гIуцIизе бажари.

МацIалъул хIакъалъулъ малъарал гIелмиял баянал лъалел ругищали хал гьабула кIиго къагIидаялъ:

цIехеялдалъун (рокъобе кьураб тIадкъай тIубаялъул хал гьабулаго яги хасал дарсазда гьикъун);

хъвавул формаялда (контролиял диктантазда тIаде яги хасал дарсазда грамматикиял тIадкъаял кьун).

БитIунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул рахъалъ лъай борцуна:

1) контролиял диктантазул кумекалдалъун;

2) изложениязулгун сочинениязул кумекалдалъун. Изложениял, сочинениял тIоритIула калам гIуцIизе бажариялъул хал гьабизе;

3) тестазул кумекалдалъун

МацIалда хурхарал гIелмиял баянал цIехолелъул, цIалдохъанасул жаваб букIине ккола 3–4 минуталдаса халат бахъинчIеб. Малъарабщинаб грамматикияб материал гьикъичIого, цо чIванкъотIараб баян лъалеб бугищали цIехани, лъикIаб буго. Масала, рагIул цо магIнаяб бутIаялъе баян кьезе, яги предложениялъул тайпа батизе, яги лъалхъул ишара лъеялъе гIилла бицине тIами.

ЦIалдохъанасул жаваб мухIканаблъун рикIкIуна, гьес тIокIкIинабун, тIубараб определение кьунани ва гьеб ритIухъ гьарулел мисалалги рачани.

Грамматика лъалеб бугищали хал гьабула диктанталда цадахъ тIуразе тIадкъаял кьунги. Гьелъул мурад буго сундулъ цIалдохъабазул гъалатIал кколел ругелали лъазаби. Гьединлъидал диктанталъул тексталдаса росарал битIунхъваялъул ва теориялъул баянал кьеялда хурхарал тIадкъаял ругони, лъикIаб букIина. Масала, падежалъул ахир **-лъ**, гъоркь хIучч цIан, батIа гьабизе ва гьелъул битIунхъваялъул бицине: ***яса – лъ*** (цIалула: ***ясалълъ***), ***хIарщу – лъ*** (цIалула: ***хIарщулълъ***).

ЦIалдохъабаз риччарал киналго гъалатIал ритIизарула, гьезда тIад хIалтIула, амма къимат лъезе рикIкIунеб мехалъ, хIисабалде росула гIицIго малъарал битIунхъваялъул ва

лъалхъул ишараби лъеялъул къагIидаби цIуничIолъиялъ ккарал гъалатIал.

ЦIалдохъабазул лъай борцине гьарулел хъвавул хIалтIабазе росизе лъикIал рукIуна цо тIубараб магIна жаниб бугел хабариял текстал.

Контролияб диктанталъе босулеб текст букIине ккола лъималазда магIна бичIчIулеб, бацIцIадаб литературияб мацIалда хъвараб, школалда малъуларел къагIидабазда хъвазе кколел хIарпал, рагIаби, гьединго магIна бичIчIуларел рагIаби, малъичIеб тайпаялъул предложениял гъорлъ гьечIеб.

Къимат лъолелъул, хIисабалде босула гъалатIал такрарлъиги, гьел цого тайпаялъул рукIинги.

Цого рагIулъ яги кьибил цоял рагIабазулъ гъалатI такрарлъулеб бугони, гьеб рикIкIуна цо гъалатIлъун.

Цого тайпаялъул гъалатIазул тIоцебесеб 3 цоялъул бакIалда рикIкIуна, щибаб хадусеб гьединабго гъалатI батIа-батIаго хIисабалде босула.

Гьединлъидал изложениялъеги сочинениялъеги лъола кIиго къимат: тIоцебесеб – хIасил кьезе ва калам гIуцIизе бажариялъе; кIиабилеб – битIунхъваялъе (битIунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул къагIидаби цIуниялъухъ).

Хъвавул хIалтIабазул кIодолъи борцуна рагIабаздалъун ва чIезабун буго гьезие гьаб къадар.

| Класс | Диктант | Словарияб диктант | Сочинение | | Изложение |
|---|---|---|---|---|---|
| | РагIи | РагIи | РагIи | ТIанчил гьум | РагIи |
| V | 80-90 | 10-15 | 90-100 | 0,5-1 | 100-140 |
| VI | 90-100 | 15-20 | 120 | 1-1,5 | 140-148 |
| VII | 100-120 | 20-25 | 140 | 1,5-2 | 180-220 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| VIII | 120-130 | 25-30 | 160 | 2-2,5 | 240-300 |
| IX | 130-140 | 30-35 | 180 | 2,5-3,5 | 300-400 |

**Баян.** 1) ХIасилазул (контролияб) диктантги гьебго роцада гьабила, амма цадахъго грамматикиял тIадкъаял кьолел ругони, диктант къокъ гьабизе бегьула 10 рагIиялъ.

Сочинениялъул мисалияб кIодолъи чIезабун буго, цо дарсие хIисаб гьабун.

Тексталде гIагарун, гIатIидаб изложениялде хIадурлъизе ва хъвазе кьола кIиго сагIат, малъараб материалалда хурхинчIеб, хасаб изложениязул тIехьалдаса босун гьабулеб бугони. Малъараб асаралдаса босараб тексталда тIасан изложение тIобитIулеб бугони, гьеб хъвазе кьола цо сагIат, хIадурлъиялъул хIалтIи гьабула литератураялъул дарсида, кIалзул изложение хIисабалда, хIасил бицине ругьун гьарулелъул.

Контролияб изложениялъе хIадурлъиялъул заман къвари-ггунарелъул, гьелъие кьезе бегьула бихьизабураб мисалияб къадаралдаса 40–50 рагIиялъ кIудияб текст.

Изложениязул ва сочинениязул битIунхъваялъе къимат лъола, диктантазе чIезарурал нормабазда рекъон.

Изложениялъул ва сочинениялъул магIнаялъе къимат кьолелъул, кьочIое росула:

а) кьураб темаялдаса кьуричIолъи ва гьеб тема рагьиялъул щвалде щвей;

б) магIнаялъулъ гъалатI биччачIого, гIатIидго хъвай, хIужжаби битIун рихьизари;

в) хадуб-цебе рекъон бачIин (хъвараб яги ургъараб планалда рекъон хIасил кьун букIин).

Изложениялъул (сочинениялъул) хIасил магIнаялда хъван бажари бараб буго калам гIуцIизе цIалдохъанасул бугеб лъаялда, ругьунлъиялда. ЛъикIаблъун рикIкIуна бечедаб,

мухIканаб, сипатияб калам. Гьединлъидал къимат кьолелъул, хIисабалде босула:

1. РагIулаб бечелъиги батIи-батIиял тайпабазул предложенияздаса пайда босиги.

2. Каламалъул мухIканлъи.

3. Изложениялъул (сочинениялъул) мацI магIнаялда рекъараб, бечедаб букIин.

Калам гIуцIиялъул рахъалъ цIалдохъабаздаса гьабулеб тIалаб букIине ккола гьезул гIелалда ва гьезие грамматикаялдаса щвараб лъаялда рекъараб.

ЗагIипаблъун рикIкIуна мукъсанабго лексикаялъул, цого тайпаялъул предложенияздаса данде гьабураб калам. Гьеб букIуна жидеда гьоркьоб чIимигIаб гурони хурхен гьечIел, къокъал, цого тайпаялъул предложенияздаса гIуцIараб хабар. Текст биххун бугин ккола къотI-къотIараб къокъал жугьабазде. Гьединаб тексталда жаниб, хIажат гьечIого, такрарлъула цого рагIаби. Гьез чIезабула текст тIубанго биххун инчIого.

Каламалъул мухIканлъи бараб буго магIнаялда рекъарал рагIаби ва жугьаби тIаса рищизе цIалдохъанасул бажариялдаги гьел рагIабазул кьучIалда якъинго пикру къватIибе кьолел предложениял гIуцIизе ва дандразе лъаялдаги.

Тексталъул мацI магIнаялда рекъараб, сипатияб букIин бараб буго жиндир каламалъ тIубазе кколеб мурад бичIчIун, хъвалев чияс рагIаби ва жугьаби тIасарищиялда ва эркенго гьел хIалтIизаризе бажариялда. Масала, гIелмияб мацIалъе хасиятал терминалги, предложениязул гIуцIиги, сверелалги гьорлъе рачани, художествияб тексталъул калам яги гIадатияб гарачIвариялъул мацI бакIлъула, гьелъул нур суна, бичIчIизе захIмалъула, гьединго художествиял асаразе хасиятал эпитетал. метафорал ва гь.ц. рекъон кколаро гIелмияб яги документазулаб мацIалъе. Гьелъ каламалъул магIнаялъе ва сипаталъе жагьаллъи ккезабула, гIунгутIабазде рачуна. Каламалъул сакъат, гIунгутIи борцуна загьир гьабулеб пикруялъул роцIеналде ва хIабургъиналде балагьун. Каламалъул гIунгутIи тIатуна тексталда жаниб. Гьениб гурони рагIулъ яги каламалъулъ

ккараб сакъат батизе кIоларо. РагIи ва рагIул дандрай рекъон ккун бугищали хал гьабула предложениялда жаниб, предложениязул дуруслъи борцуна харбилъ рекъеялде балагьун.

ЦIалдохъабазул хIалтIабазе къимат кьолелъул, хIисабалде росула калам гIуцIиялъулъ риччарал гьадинал гIунгутIаби:

1. Жиндир магIнаялда данде ккolареб бакIалда рагIи хIалтIизаби. Масала, *Мусада бихьана* ***бахьинаб*** *машина бачIунеб.*

2. РагIабазул дандраязулъ дандеккунгутIи: ***хераб*** *росу (басрияб, некIсияб),* ***басрияб*** *чу ва гь.ц.*

3. ТIокIлъиялъе ккoлеб рагIи хIалтIизаби: ***херал*** *харабаз*, ***гIолохъанал*** *гIолилазе насихIат цIалана.* ***ЧIунтараб*** *чIваднив мичIчI бижана.*

4. Цого рагIи такрар гьаби. *Нижеда рохьоб бихьана залимаб ци. Гьеб* ***циялдаса*** *хIинкъун, ясал лъутана****.*** *Васал ахIтIедал, гьеб* ***ци*** *лъутун ана... Авараз жидее* ***гьабураб*** *зулму, гьелда данде жидецаго* ***гьабураб*** *къеркьей мацIалдалъун бихьизабула.*

5. ХIажат гьечIого, диалектиял (бакIалъул) рагIаби хIалтIизари. *На* ***зоралда*** *зузудана. Эбелалъ гIарац,* ***кудари*** *босизе, битIана.*

Грамматикаялъул аслиял нормабиги цIунун гIуцIараб калам рикIкIуна битIараблъун. Грамматикиял нормаби абуни, рихьизарун руго рагIи лъугьиналъул, хисиялъул ва дандбаялъул, предложениял гIуцIиялъул къагIидабазулъ. Гьединлъидал цIалдохъабазул хIалтIабазе къимат кьолелъул, хIисабалде росула гьадинал грамматикиял гъалатIал:

1. РагIи лъугьинабулаго ккараб гъалатI: ***гамачIрукъ*** *(ганчIирукъ),* ***кьурдихъан*** *(кьурдухъаи),* ***лъаббокIон,*** *(лъабокIон)****,*** ***чIегIер кару*** *(чIегIеркару),* ***квер бакъи*** *(квербакъи).*

2. РагIул форма лъугьинабулаго ккараб гъалатI: ***гъоздахъа*** *(гъозухъ),* ***бацIиде*** *данде (бацIида данде),* ***гIансал*** *(гIунсби),* ***ракьаби*** *(рукьби).*

3. Рекьонккеяльулъ биччараб гъалатI: *РагIулеб букIана рокьулел бакънал, Лъимал рачIун рукIана дида хадуб. Нижее бихьана берцинаб хIинчI.*

4. Глаголазул заманалъулаб тартиб цIуничIолъи: *Инсуца ахикь гъветI чIана ва **лъалъалеб буго**. ЦIад бана ва нур **чIун буго.***

5. Деепричастияб сверел мекъи хIалтIизаби: ***ТIохде вахунаго,** малидул гIучI бекана.*

6. Жубараб предложение мекъи гIуцIи: ***Автобусги бачIун буго,** нилъ рилълъун лъикI. **МагIарде щолеб мехалъ,** бакъ тIерхьана.*

7. БитIарабги хъвалсарабги калам жуба-гъубазаби: ***Расулил инсуца абуна дун шагьаралде щвезе вугилан.*** (***Жив*** абизе кколаан).

Рехсарал гъалатIалги риччачIого, калам битIун гIуцIиялъ бихьизабула цIалдохъанасда грамматика лъикI лъалеб ва мацIалъул законаздаса пайда босизе бажарулеб букIин.

# V – IX КЛАССАЗДА АВАР МАЦIАЛЪЕ КЪИМАТАЛ

## ЛЪЕЗЕ ЧIЕЗАРУРАЛ НОРМАБИ

### 1. КIалзул жавабазе къимат кьолеб куц

Гьикъи ккола цIалдохъабазул лъай борцунеб цо къагIида. ЦIалдохъанасул жавабалъе къимат кьолелъул, хIисабалде босула:

а) жаваб битIараб ва тIубараб букIин;

б) малъараб материал лъаялъул даража;

в) жавабияб калам битIун гIуцIизе бажари;

ЦIалдохъанас гIатIидго кьолеб жаваб букIине ккола магIнаялъул рахъалъ хадуб-цебе рекъонккараб, цIехолеб тема рагьулеб. Гьелъ бихьизабизе ккола мухIканго определение кьезе ва гьеб кьучIаблъун гьарулел чIванкъотIарал мисалал рачине

бажарулеб куц. Масала, гьесда тIадаб буго учителасул тIадкъаялда рекъон кинал рукIаниги грамматикиял гIаламатал ратизе, предложениялда (тексталда) ругел грамматикиял формабазе баян кьезе, теориялдаса, малъарал баяназде мугъги чIван, пикру кьучIаб букIин чIезабизе. Гьел шартIалги хIисабалде росун, кIалзул жавабазе къимат «лъезе ккола гьал нормабазда рекъон:

«5» к ъ и м а т лъола, мухIканго, гIураб гъварилъиялда малъараб материал цIалдохъанас бицунеб ва мацIалъул гIелмиял баяназе битIараб определение кьолеб бугони, гьединго цIехолеб материал тIокIкIун лъалеб ва, гьелдаса пайдаги босун, т!ехьалда ругел гурелги, жинцаго ургъарал мисалаздалъун жавабияб пикру кьучIаблъун гьабизе кIванани ва гьеб битIараб литературияб мацIалъ, хадуб-цебе рекъезабун, бицине бажарани.

«4» к ъ и м а т лъола щуйил къиматалъе мустахIикъаб, амма магIнаялъулъ яги хадуб-цебе рекъон бачIиналъулъ, 1–2 гьалатI яги бицадулъ 1–2 сакъат ккараб жавабалъе.

«3» к ъ и м а т лъола цIехолеб материал аслияб куцалъ цIалдохъанасда бичIчIун ва лъан букIин бихьизабулеб, амма, определение кьолаго яги битIунхъваялъул къагIида бицунаго, гIунгутIаби риччараб, тIубараб мухIканлъи гьечIеб; жиндирго мисалалги рачун, гIураб гъварилъиялда пикру кьучIаблъун гьабизе кIвечIеб, бицалъги ва хадуб-цебе рекъонккеялъулъги гъалатIал тIатараб жавабалъе.

«3» къиматалъ бихьизабула хадуб бачIунеб материал бичIчIизе гIураб даражаялъул лъай цIалдохъанасул букIин.

«2» к ъ и м а т лъола малъараб материалалъул цIикIкIунисеб бутIа цIалдохъанасда лъалеб батичIони, определение кьолелъул, битIунхъваялъул къагIида бицунелъул, гьезул магIна хисулел гъалатIал риччани, бакI-бакIалде кIанцIун, бигъа-бетизабун бицунеб бугони. «2» къиматалъ чIезабула хадуб бачIунеб материал бичIчIизе гIураб лъай цIалдохъанасе щун гьечIолъи.

«1» к ъ и м а т лъола цIалдохъанасул жавабалдасан тIолабго малъараб материалалдасан гьесда бичIчIараб ва лъараб жо гьечIолъи бихьулеб бугони.

ЦIалдохъанасе «5», «4», «3» к ъ и м а т лъезе бегьула, лъай борцине цеве вахъинавураб мехалъ гуребги, тIолабго дарсил заманалъ гьес битIун кьурал жавабазухъги щвараб теориялъул лъаялдаса пайда босизе бажарулеб букIин баянлъидалги.

## 2. Диктантазе къимат лъолеб куц

Диктанталъе босизе лъикIаб буго цого магIнаялъул хабарияб текст. Гьеб букIине ккола цIалдохъабазда бигьаго хIасил бичIчIулеб, бацIцIадаб литературияб мацIалда хъвараб асар яги гьелъул санагIатаб цо бутIа. Диктанталъул букIине ккилеб кIодолъи (рагIабазул къадар) кьун буго таблицаялда.

Цо пуланаб темаялда тIасан тIобитIулеб контролияб диктанталъе босизе ккола гьеб темаялда малъарал битIунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул къагIидабазда хурхараб 2–3 мисал гъорлъ бугеб текст. Цебеккун гьеб классалда малъарал битIунхъваялъул аслиял къагIидабазда тIасанги 2–3 орфограмма (битIун хъвазе кколел рагIул бутIаби, хIарпал) кьезе ккела. Цересел классазда малъаралги дандекъан, кинабниги битIунхъвазе ва лъалхъул ишараби лъезе кколеб бакI цо диктанталда жаниб цIикIкIине бегьуларо гьаб къадаралдаса:

| Класс | Орфограммаби (битIун хъвазе кколел рагIаби) | Лъалхъул ишараби |
|---|---|---|
| V | 10 | 2-3 |
| VI | 14 | 3-4 |
| VII | 18 | 4-5 |
| VIII | 20 | 10 |
| IX | 20 | 15 |

ХIасилалъул диктанталъул тексталда гъорлъе рачине бегьуларо, 2–3 дарсиданиги тIад хIалтIун, гIураб къадаралда щулалъизаричIел цIималъарал орфограммал.

ТӀоцебесеб четверть лъугӀизегӀан, диктантазул кӀодолъи букӀина цебесеб классалъул роцада.

Цо хасаб тема лъималазда лъан бугищали хал гъабизе тӀобитӀулеб диктанталда рукӀина гьеб темаялда малъулел аслиял орфограммал яги лъалхъул ишараби, гьединго цебеккун цӀалдохъабазе щвараб лъаялъул щулалъи борцунеб материалги.

Бащадаб лъагӀалил ва лъагӀалил ахиралда тӀоритӀула малъанщинал темабазда тӀасан хӀасилалъул диктантал. Гьез борцуна цӀалдохъабазе щвараб лъай.

Диктанталъул хал гьабулелъул, ритӀизарула, амма къимата-лъе рикӀкӀунаро битӀунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъея-лъулъ риччарал гьадинал гъалатӀал:

1. Школалда малъуларел битӀунхъваялъул къагӀидаби цӀуничӀолъиялъ ккарал.

2. Жеги малъичӀел къагӀидабазда тӀасан ккарал.

3. БитӀунхъваялъул хасал къагӀидаби гьечӀел рагӀабалъ ккарал

4. Авторас жиндиего бокьухъе лъурал лъалхъул ишараби цӀуничӀолъиялъ ккарал.

5. РагӀи бикьун цӀияб мухъиде босиялъулъ ккарал.

РикӀкӀинчӀого ритӀизарун тола абулареб къагӀидаялъ рагӀул гьаркьилаб халип хисизабулел, цӀалдохъанасда жидер битӀунхъвай лъалел рагӀабазулъ ккарал гъалатӀал: *сасулъ (салулъ), рокьоса (рокъоса), бацӀицӀа (бацӀица).*

Диктантазе къимат лъолелъул, гьединго хӀисабалде боси-чӀого гӀоларо гъалатӀазул кӀодолъи-гьитӀинлъи. БитӀунхъваялде рагӀад рехизабуларел гьитӀинал гъалатӀал хӀисабалде росула ва кӀиго гьитӀинаб гъалатӀ къиматалъе цо гъалатӀалъул бакӀалда рикӀкӀуна.

ГьитӀиналлъун рикӀкӀуна гьадинал гъалатӀал: 1) битӀунхъваялъул къагӀидабазе мутӀигӀлъуларел рагӀабазулъ ккарал; 2) журарал хасал цӀаразулъ, гьединго цогидал миллатазул хасал цӀарал хъвалелъул ккарал; 3) *гӀадин, гӀадаб, гӀоло* абурал рагӀаби рекӀун хъвай, *чӀванкъотӀун, берчӀвана* гӀадал глаголал кӀиго рагӀудалъун хъвай; 4) цо лъалхъул

ишараялъул бакIалда цогияб лъей; 5) геминатал рагIулеб къагIидаялъ хъван рати: *ссан, сси, чIчIана, ссудана, реххана, яццалъ ва гь.ц.;* 6) хадур-цере лъезе кколел лъалхъул ишарабазул цояб гьоркьоб биччай яги гьелъул тартиб цIуничIолъи.

ХIасилалъул (контролияб) диктанталда 5-ялдаса цIикIкIун хъвавулъ мекъи ккараб бакI битIизабун батани, цо къадаралъ къимат гIодобе бачуна, амма гьелъие гIоло цIалдохъанасе къадараб къимат («2») лъезе бегьуларо. Гьединго «5» къимат лъоларо лъабго ва цIикIкIунги битIизабураб бакI бугони. Гьел рахъалги (шартIалги) хIисабалде росун, диктанталъе къиматал лъола гьал нормабазда рекъон:

«5» к ъ и м а т лъола гъалатI гьечIеб хIалтIуе. Гьеб къимат лъолеб диктанталда букIине бегьула битIунхъваялъулъ биччараб I сакъат (гьитIинаб гъалатI) яги лъалхъул ишараби лъеялъулъ ккараб гIунгутIи.

«4» к ъ и м а т лъола битIунхъваялъулъ 2 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 2 гъалатI бугеб, яги битIунхъваялъулъ 1, лъалхъул ишарабазулъ 3, яги битIунхъваялъулъ цониги гъалатIги гьечIеб, лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалатI биччараб диктанталъе.

«4» к ъ и м а т лъезе бегьула битIунхъваялъулъ цого тайпаялъул 3 гъалатI ккун батаниги.

«3» к ъ и м а т лъола битIунхъваялъулъ 4 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатI батараб диктанталъе, яги битIунхъваялъулъ 3 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 5, яги битIунхъваялъулъ цониги гъалатI гьечIеб, лъалхъул ишараби лъеялъулъ 7 гъалатI ккараб хIалтIуе.

V классалда «3» къимат лъезе бегьула битIунхъваялъулъ 5 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 4 гъалатI бугеб диктанталъе. Гьединго «3» къимат лъезе биччала битIунхъваялъулъ 6 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 3 гъалатI бугони.

«2» к ъ и м а т лъола битIунхъваялъулъ 6 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 8, яги битIунхъваялъулъ 5 ва лъалхъул

ишараби лъеялъулъ 9, яги битIунхъваялъулъ 8 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 6 гъалатI биччараб диктанталъе.

«1» к ъ и м а т лъола кIийилаб къиматалъе рихьизарураздаса цIикIкIун гъалатIал ругеб диктанталъе.

Диктанталъе къимат лъезе гъалатIал рикIкIунеб чанго батIияб къагIида бихьизабун буго. Амма щибаб къиматалъе гъалатIазул гIурхъи чIезабун буго. «4» къиматалъе гьединаб гIурхъилъун ккола битIунхъваялъул 2 гъалатI, «3» къиматалъе 4 битIунхъваялъул гъалатI, (V классалъе битIунхъваялъул 5 гъалатI), «2» къиматалъе 7 битIунхъваялъул гъалатI. Гьеб чIезабураб гIорхъодаса гъалатIазул къадар тIаде ани, рехсарал къиматал лъезе бегьуларо.

Диктанталда тIадеги грамматикаялъул, битIунхъваялъул, лексикаялъул тIадкъаял кьураб хIасилалъул (контролияб) хIалтIуе кIиго къимат лъола: цояб – диктанталъе, кIиабилеб – тIадкъаял тIураялъе.

**Баян.** Диктанталъе рикIкIуна грамматикиял тIадкъаял тIуралаго ккарал битIунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул гъалатIалги.

**Грамматикиял тIадкъаял тIуразариялъе къиматал лъолеб куц:** «5» къимат лъола, гъалатI гьечIого, киналго тIадкъаял тIуран ратани.

«4» к ъ и м а т лъола, киналго тIадкъаязулункъилъа лъабил бутIа (3/4) битIун гьабун батани.

«3» к ъ и м а т лъола, бащадалниги тIадкъаял битIун гьарун ратани.

«2» к ъ и м а т лъола, бащадалдаса дагь гурони, битIун тIуразарурал тIадкъаял ратичIони.

«1» к ъ и м а т лъола, цIалдохъанас цониги тIадкъай тIубан батичIони.

**Контролияб словарияб диктанталъе** къимат лъола гьадинаб къагIидаялъ:

«5» к ъ и м а т лъола гъалатI гьечIеб диктанталъе.

«4» къ и м а т лъола 1–2 гъалатI биччан батараб диктанталъе.

«3» к ъ и м а т лъола 3 – 4 гъалатI батараб диктанталъе.

«2» к ъ и м а т лъола 5-ялдаса 7-ялде щвезегIан гъалатIал ккун ратани.

«1» к ъ и м а т лъола 7-ялдаса цIикIкIун гъалатI батани.

### 3. Сочинениязе ва изложениязе къимат лъолеб куц

V–IX классазда сочинениялги изложениялги тIоритIула цIалдохъабазул хъвавулаб калам цебетIезабиялъул програм-маялда рекъон. Сочинениязул ва изложениязул мисалияб кIо-долъи кьун буго таблицаялда. Лъималазул хIалтIабазул кIодольи-гьитIинлъи батIи-батIияб букIине бегьула. Гьединлъи-дал чIезабураб мисалияб къадаралдаса цIалдохъанасул сочи-нение цогун бащадалъ жеги тIадеги кIудияб яги гьитIинаб батани, учителасул ихтияр буго цо къадаралъ къимат тIаде яги гъоркье бачине, амма кIодолъиялъухъ балагьун «5» къимат лъоларо.

Сочинениял ва изложениял хъвазариялъул кIиго мурад буго:

а) кьураб темаялда ва цебе лъураб масъалаялда рекъараб лексикаги тIаса бищун, литературияб мацIалда магIнаяб хIалтIи хъвазе бажарулеб бугищали хал гьаби:

б) грамматикиял нормабиги битIунхъваялъул къагIидабиги цIунизе лъалищали балагьи.

Гьединлъидал кинаб букIаниги сочинениялъе ва изложе-ниялъе хадуб-цебе кIиго къимат лъола: цебесеб къимат – хIасилалъухъ ва калам гIуцIиялъухъ, хадусеб-битIунхъвая-лъухъ. КIиябго къиматалъ борцуна цIалдохъанасда авар мацI лъаялъул даража. Гьединлъидал гьел рикIкIуна грамматикаялъе лъураллъун.

Хас гьабун литературияб лъай борцине мурадалда хъвараб хIалтIи бугони, цебесеб (хIасилалъе ва калам гIуцIиялъе лъураб) къимат рикIкIуна адабияталъе ккараблъун.

Сочинениялъе ва изложениялъе къимат кьолелъул, учителас хIисабалде росизе ккола гьал рахъал:

| Къиматал | ХIисабалде росизе кколел аслиял рахъал | |
|---|---|---|
| | МагIна ва калам гIуцIи | БитIунхъвай |
| «5» | 1. Къураб темаялдаса къуричIеб хIасилалъул хIалтIи. 2. МагIнаялъулъ гъалатI гъечIолъи. 3. Планалда рекъараб, гъеб гъечIогоги, хадуб цебе рекъон бачIараб магIна букIин. 4. ХIалтIи букIине ккола бечедаб, лексикаялъул, рагIи херхиналъул рахъалъ мухIканаб, предложениязул гIуцIиялъул ва гъел дандраялъул рахъалъан батIи-батIиял ресаздаса пайда босараб. 5. Тексталъул мацIалъул букIуна дуруслъи ва гIураб пасихIлъи. БукIине бегьула магIнаялъулъ 1 сакъатги, калам гIуцIиялъулъ 1–2 гIунгутIиги. | БукIине бегьула 1 битIунхъваялъул, яги 1 лъалхъул ишараби лъеялъул, яги 1 грамматикияб гъалатI. |
| «4» | 1. Къураб темаялдаса дагьамакъабго гурони къури гъечIеб магIнаялъул хIалтIи.<br>2. Аслияб къагIидаялъ хIасил битIарабги букIун, магIнаялъулъ цо-цо сакъат ккараб.<br>3. Хъвараб жо халуб-цебе рекъон бачIиналъулъ дагьа-макъал гIунгутIаби ругеб.<br>4. Калам гIуцIизе рагIул бечелъиялдаса ва грамматикиял | БукIине бегьула битIунхъваялъул 2, лъалхъул ишараби лъеялъул 2 гъалатI, яги битIунхъваялъул 1 ва лъалъул ишарабазул 3, яги битIунхъваялъул гъалатIго гьечIеб, лъалхъул ишараби лъеялъулъ 4 гъалатI, гъединго 2 |

| | | |
|---|---|---|
| | къагIидабаздаса гIураб къадаралда пайда босараб.<br>5. Бицунеб жоялда рекъараб мухIканаб литературияб мацI букIин.<br>Гьениб ккун букIине бегьула магIнаялъулъ 2 сакъат, калам гIуцIиялъулъ 3–4 гIунгутIи. | грамматикияб гъалатIги. |
| **«3»** | 1. Кьураб темаялдаса хIасил лъикIго кьуризе биччан бугеб.<br>2. Аслияб къагIидаялъ хIасил битIараб бугониги, магIналъулъ гIунгутIаби риччараб.<br>3. Хадуб-цебе рекъон бачIиналъулъ цо-цо сакъатал ругеб.<br>4. Мукъсанабго лексикаялъул, цого тайпаялъул предложенияздасан данде гьабураб хIалтIи батани, мекъи рагIаби хIалтIизарияльул хIужжаби дандчIвалеб.<br>5. МацIалъул рахъалъан дуруслъи, мухIканлъи цIунизе кIвечIеб. Хъвалеб жоялъул магIнаялъулъ 4 сакьат ва калам гIуцIиялъулъ 5 гIунгутIи ккун букIине бегьула. | БукIине бегьула битIунхъваялъул 4, лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатI, яги битIунхъваялъул 3 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 5 гъалатI, яги битIунхъваялъул гъалатIги гьечIого, лъалхъул ишараби лъеялъул 7 гъалатI.<br>(V классалда: битIунхъваялъул 5 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатI, гьединго грамматикияб 4 гъалатI). |

| | | |
|---|---|---|
| **«2»** | 1. Кьураб темаялда данде кколареб хIасилалъул хIалтIи.<br>2. МагIнаялъулъ гIемерал гIунгутIаби риччараб.<br>3. Хъвараб жоялъул кинал-го бутIабазда гьоркьоб хадуб-цебе рекъон бачIиналъул тар-тиб гьечIеб, текст планалда данде кколареб.<br>4. ЦIакьго мукъсанаб лексикаялъул, къокъал, цого тайпаялъул, цоцаздехун, загIи-паб гурони бухьен гьечIел предложениияздасан гIуцIараб, мекъи хIалтIизарурал гIемерал рагIаби ругеб хIалтIи.<br>5. Тексталъул магIнаялда рекъараб мацI гьечIеб. МагIнаялъулъ 6 ва калам гIуцIиялъулъ 7 гIунгутIи ккун букIине бегьула. | Биччан букIине бегьула битIунхъвая-лъул 7 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 7 гьалатI, яги битIун-хъваялъул 6 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 8, яги битIунхъваялъул 5, лъалхъул ишараби лъеялъул 9 гьалатI. |
| **«1»** | ЦIалдохьанас хъвараб хIалтIулъ магIнаялъулъ 6-ялдаса цIикIкIун ва калам гIу-цIиялъулъ 7-ялдаса цIикIкIун гъалатI биччан бугони | 7-ялдаса цIикIкIун битIунхъваялъул, 7-ялдаса цIикIкIун лъалхъул ишарабазул ва 7 грамматикияб гъалатI биччан батани |

**БАЯН.** 1. Мисалияб къадаралдаса сочинение 1,5 – 2 нухалъ кIудияб яги гьитIинаб бугони, битIунхъваялъе «4» къимат лъолелъул цо, «3» къимат лъолелъул кIиго гъалатI тIаде жубала яги тIаса бахъула. Масала, «4» къимат лъола битIунхъваялъул 3, лъалхъул ишараби лъеялъул 2, грамматикаялъул 2 гъалатI батани, яги гьебго тартибалда гьадинаб къадаралъул гъалатIал ратани: 2–3–2, 2–2–3, «3» къимат лъола битIунхъваялъул 6, лъалхъул ишараби лъеялъул 4, грамматикаялъул 4 гъалатI бугони, яги гьебго тартибалда гьадинаб къадаралъул гъалатIал ратани: 4 – 6 — 4, 4 – 4 – 6.

2. КьучIаб, берцинаб литературияб мацIалъ цIалдохъанас гъваридаб магIнаялъул сочинение хъван батани, учителас цо роценалъ цебесеб (ай адабияталъе лъолеб) къимат тIаде бачине бегьула.

3. ХIасилалъухъ ва калам гIуцIиялъухъ лъикIаб къимат лъезе рес гьечIо, сочинениялъул тема рагьун батичIони, гьелъул цогидал рахъал ярагьунел ругониги.

#### 4. Ругьунлъиялъул хIалтIабазе къимат лъолеб куц

Контролиял хIалтIабазда дандеккун, ругьунлъиялъул диктантазе ва цогидалги батIи-батIиял хъвавул хIалтIабазе къимат лъола дагьаб кьваризабун.

Ругьунлъиялъул хIалтIабазе къимат кьолелъул, хIисабалде босула:

1) живго жиндаго чIун цIалдохъанасухъа бажарараб жо;
2) малъараб материал бичIчIун бугеб куц;
3) хIалтIул кIодолъи-гьитIинлъи.

Ккезе бегьулел гъалатIазде цебеккунго лъималазул кIвар буссинабун бугони, «5», «4» къиматал лъола цониги гъалатГ гьечIеб, ккарабги жинцаго битIизабураб хIалтIиялъе. Гьезда гьоркьосанги цояб къимат тIаса бищи бараб буго хIалтIул бацIцIалъиялда, хатIалъул берцинлъиялда.

Диктанталдаса кIудияб ругьунлъиялъул хIалтIуе «4» къимат лъезе бегьула, цо-кIиго гъалатI ккунги букIун, гьелги жинцаго ритIизарун ратани. Классалда букIа, рокъоб букIа цIалдохъанас хъвараб ругьунлъиялъул хIалтIухъ хал гьабула, гьелъие къимат лъей-лъунгутIи живго учителасул иш буго: кIвар бугелъе лъела, гьечIеб, бер щвезабун, тезеги бегьила.

Ккезе бегьулел гъалатIазде цебеккунго лъималазул кIвар буссинабичIого, тIубанго жалго жидедаго чIун, цIалдохъабаз хъварал хIалтIабазе къимат лъола гьеб тайпаялъул контролиял хIалтIабазе чIезарурал нормабазда рекъон.

### 5. ХIасилалъулаб къимат лъолеб куц

Четверть, бащадаб лъагIел, цIалул сон лъугIулеб мехалъ, лъола хIасилалъулаб къимат. Гьелъ гIаммаб къагIидаялъ борцуна, авар мацI цIалулаго, цIалдохъанасе щвараб тIолабго лъай, ай теориялъул баянал лъаялъул даража, лъугьараб бажари, каламалъул цебетIей, битIунхъвазе ва лъалхъул ишараби лъезе ругьунлъараб куц.

ХIасилалъул къимат лъолелъул, хIисабалде росула цереккун цIалдохъанасе лъурал къиматалги, амма аслияб къагIидаялъ кIвар кьола ахиралдехун гьесие щвараб лъаялде ва лъугьараб бажариялде. Гъсдинлъидал, цохIо церехун ккарал къиматазде балагьун, хIасил гьабизе, гьоркьохъеб къимат лъезе бегьуларо.

ХIасилалъулаб къимат лъолелъул, цIикIкIараб кIвар кьезе ккола битIунхъваялъул, лъалхъул ишараби лъеялъул ва калам гIуцIиялъул рахъалъ лъугьараб бажари борцине тIоритIарал хIалтIабазухъ щварал къиматазде. Гьединлъидал четверталда (бащадаб лъагIалида) хъварал цIикIкIунисел диктантазе, изложениязе, сочинениязе къадарал («2». «1») къиматал ккун ратани, кIалзул жавабазе щварал сахал къиматазде балагьун, гьоркьохъеб хIисабалда хIасилалъулаб «3» къимат лъсзе бегьуларо.

Гьалго нормабазда рекъон къимат лъола X–XI классалда авар мацIалда хъварал хIалтIабазул битIунхъваялъеги. Гьел классазда хъвавул хIалтIиялъе лъолеб кIиябго къиматалъул

цебесеб рикIкIуна адабияталъе, хадусеб битIунхъваялъе ккараблъун.

Гъоркьоб хъвалсараб хIуччги цIан, гьеб кIиябго къимат журналалда лъола адабияталъе кьурал гьурмазда.

# ПРОГРАММА

## X КЛАСС (34 сагIат)

1989/90 цIалул соналдаса байбихьун, Дагъистан Республикаялъул Лъайкьеялъул министерствоялъул коллегиялъул хIукмуялда рекъон, росдал школазул X–XI классаздаги малъулеб буго рахьдал мацI. Гьединлъидал Дагъистаналъул гIелмияб-гун цIех-рехалъул педагогикияб институталъул рахьдал мацIазул секторалъ хIадур гьабураб программа буго гьаб.

Гьаб программаялъ, X–XI классалда рахьдал мацI малъизе, бихьизабун буго анкьида жаниб цо сагIат. Кинабниги кIиго лъагIалида жаниб – 68 сагIат. ТIасиял классазул программаялда рекъон, авар мацIалъул аслияб курс лъугIула V–IX классазда. Гьединлъидал X–XI классазда авар мацI малъиялъул аслияб масъалалъун буго цебехун малъараб программияб материалалъул кIвар бугел баянал гьваридго ва гIатIидго такрар гьари.

Программаялъ гьорлъе рачуна гьал хадур рехсарал бутIаби: практикияб стилистика ва каламалъул культура, лексикология, фразеология, фонетика, битIун аби ва битIунхъвай, рагIул гIуцIи, грамматика ва пунктуация.

Программаялда кьурал темабазе сагIтал рикьун руго мисалияб къагIидаялъ. МутIалимасул ихтияр буго мустахIикъаблъун бихьараб бакIалда сагIтазул хиса-баси гьабизе ай, цо темаялдаса тIаса рахъун, хIажатаблъун бихьулеб цоги тема малъиялъе цIикIкIинаризе.

### МацIалъул хIакъалъулъ гIаммал баянал (1 сагIат)

Авар литературияб мацI, гьелда тIад хIалтIи ва гьелъул тарих (история). Авар литературияб мацI северияб наречиялъул кьучIалда гIуцIараб букIин. Северияб ва югалъул диалектазул фонетикиял, лексикиял ва морфологиял батIалъаби (къокъго). Хъвай-хъвагIай гьечIел гIанди-цез группаялъул мацIал. Аваразул литературияб мацI – киналго магIарулазул рухIияб бечелъи.

### Стилистика ва каламалъул культура (2 сагIат)

I. Авар литературияб мацIалъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей. Халкъияб ва литературияб мацI. Стилистикаялъул х!акъалъулъ бичIчIи кьей. Литературияб мацIалъул хаслъаби (гIелмияб, канцеляралъул, газет-журналалъул ва художествиял асаразул). Художествияб адабияталъул мацI.

II. Тексталда тIасан жиндирго пикру загьир гьабизе лъай (хъванги бицунги). Материал бакIаризе ва гьелдаса пайда босизе лъай (хъванги бицунги). БатIи-батIиял хасиятазул (стилалъул) рагIаби ва предложениял ратIа гьаризе лъай.

### Лексикология (2 сагIат)

I. Лексика ва лексикология (къокъаб баян). РагIул битIараб ва хъвалсараб магIна. Омонимал. Синонимал. Антонимал. Авар литературияб мацIалъулъ чияр мацIаздаса (гIурус, гIараб, перс, тюрк) рачIарал рагIаби ва гьезул битIунхъвай.

II. Дурусго, мухIканго рагIи хIалтIизаби. РагIул такрарлъиялдалъун гIунгутIи бихьизаби. Жиндирго каламалъулъ синонимал, омонимал, антонимал хIалтIизаризе ругьунлъи. Хаслъиялъухъ балагьун, рекъон кколедухъ, рагIи тIасабищизе ва предложениялъулъ хIалтIизабизе лъай. Словараздаса пайда босизе ругьунлъи.

### Фразеология (1 сагIат)

I. Фразеологиял свераби ва гьел лъугьин. Эркенал рагIабазул дандраял ва фразеологиял свераби.

II. Антонимиял ва синонимиял фразеологиял гIуцIаби гъорлъе ккезарун, предложениял ургъи. Фразеологияб свери кинаб хасияталъул бугебали лъазе ва каламалъулъ битIун хIалтIизабизе ругьунлъи. Фразеологиял сверабазул словарь гьаби. Кицаби, абиял ракIари.

### БитIун аби (орфоэпия) ва интонация (2 сагIат)

I. Орфоэпиялъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей. Авар каламалъул интонация. Логикияб ударение.

II. Диалектиял гъалатIал риччачIого, битIун кIалъазе лъай. ГIурус мацIалдаса рачIарал рагIаби битIун абизе ругьунлъи. Рагьаралги рагьукъалги гьаркьал битIун абизе бугеб бажари камиллъизаби.

Интонацияги цIунун, батIи-батIиял тайпабазул предложениял цIализе бугеб ругьунлъи камиллъизаби.

**Графика, битIунхъвай ва пунктуация (2 сагIат)**

I. Авар мацIалъул графикаялъул къокъабго тарих. Авар орфографиялъул аслиял къагIидаби (принципал). Лъалхъул ишараби ва гьезул кIвар.

II. Авар мацIалъул битIунхъваялъул словарь, гьелъулгун лъай- хъвай гьаби.

Лъалхъул ишараби хIалтIизаризе бугеб ругьунлъи камиллъизаби.

**РагIул гIуцIи ва рагIи лъугьин (1 сагIат)**

I. РагIи лъугьин – мацI бечелъизе бугеб рес хIисабалда. РагIи ва рагIул формаби лъугьунел къагIидаби ва, гьел формаби лъугьунаго, рагIул кьибилалъулъ кколел хиса-басиял.

II. РагIи морфемабазде биххизе ругьунлъи. Морфемабазул магIна лъай. БатIи-батIиял морфемабаздалъун цIиял рагIаби лъугьинаризс ругьунлъи.

## МОРФОЛОГИЯ

**Предметияб цIар (2 сагIат)**

I. Предметияб цIар. Предметияб цIаралъул падежияб система. Предметияб цIар ва гьелъул гIемерлъул форма лъугьунел къагIидаби. Предметияб цIар лъугьин ва гьелъул битIунхъвай.

II. БатIи-батIиял каламалъул бутIаби предметияб цIаралде свери **(бахIарай, херав, ункъояв, унтарав).**

МагIарда (-де -даса -дасан) гIадал падежазул формаби каламалъулъ битIун хIалтIизаризе лъай.

Хъвалсараб магIнаялда предметиял цIарал хIалтIизаризе лъай (меседил яс, ганчIил ракI).

**Прилагательное (2 сагIат)**

I. Прилагательное. Грамматикиял гIаламатал. БатIи-батIиял каламалъул бутIабаздаса прилагательное лъугьин. Прилагательноялъулги хаслъул падежалда бугеб предметияб цIаралъулги синонимика (инсулаб тIадкъай – инсул тIадкъай).

II. БатIи-батIиял синонимал – прилагательноял каламалъулъ хIалтIизари. Текстазулъ прилагательноял ратизе ва гьезул морфологияб разбор гьабизе лъай.

Описаниялъулъ прилагательноял хIалтIизаризе ругьун гьари (масала, тIабигIаталъул, рукъ-бакIалъул сурат кьолаго).

**РикIкIен (2 сагIат)**

I. РикIкIен. ГIуцIиялде балагьун рикIкIенал.

Авар мацIалда къадаралъул рикIкIеналда хадуб предметияб цIар кидаго цолъул формаялда букIин.

Предметияб цIаралъулгин иргадул рикIкIеналъул бухьен. РикIкIеназул битIунхъвай.

II. Къадаралъулги иргадулги рикIкIенал каламалъулъ битIун хIалтIизари. Предложениялъулъ гIадатаб, жубараб, составияб рикIен хIалтIизаби.

**ЦIарубакI (2 сагIат)**

I. ЦIарубакI. Грамматикиял гIаламатал. ЦIарубакIазул битIунхъвай ва битIун аби *(нижер, нужер, жидеца).*

Ишараялъул цIарубакIал лъабабилеб гьумералъул цIарубакIаллъун хIалтIизари.

II. Каламалъулъ предметияб цIаралъул, прилагательноялъул, рикIкIеналъул бакIалда цIарубакIал хIалтIизаризе лъай. Ишараялъул цIарубакIал (манзилалде балагьун) битIун хIалтIизари. Суалиял цIарубакIал ругел предложениял битIараб интонациялдалъун цIализе ва гара-чIвариялъулъ хIалтIизаризе

лъай. *Нижер, нилъер* цIарубакIал каламалъулъ битIун хIалтIизаризе лъай.

**Глагол (4 сагIат)**

I. Глагол. Рухьарал ва тIадчIарал глаголал. Цо-цо глаголал, лексикияб магIнаялде балагьун, рухьарал ва тIадчIарал рукIине бегьи.

Глаголазул фразеологиял гIуцIаби ва журарал глаголал. Гьезул битIунхъвай.

Глаголалъул батIи-батIиял наклонениял ва гьезул формаби.

Жубараб предложениялъул бутIаби цоцалъ рекъезаризе глаголалъул формабаздаса пайда боси.

II. Аслияб ва цогиялда бараб рагIилъун глаголалги ккезарун, рагIабазул дандраял гIуцIизе ва гьел каламалъулъ хIалтIизаризе лъай.

I. Причастие ва гьеб лъугьин. Причастиялъул синтаксисияб роль. Причастие предметияб цIаралде свери. Причастияб сверел ва определениелъун тIаджубараб предложение. Гьениб лъалхъул ишараби.

II. Причастие ва причастиял сверелал каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. Причастиялгун рагIабазул дандраял гIуцIизе лъай.

Суалиял ва риторикиял предложениязулъ причастие сказуемоелъун хIалтIизаби.

I. Деепричастие ва гьеб лъугьин. Деепричастиялъул синтаксисияб роль. Деепричастияб сверелгун лъалхъул ишараби.

II. Деепричастиегун рагIабазул дандраял гIуцIизе лъай. Каламалъулъ деепричастияб сверел хIалтIизабизе лъай.

Причастиялъулги деепричастиялъулги кумекалдалъун составиял глаголал лъугьинаризе ругьунлъи.

**Наречие (2 сагIат)**

I. Наречие ва гьелъул грамматикиял гIаламатал. Наречие лъугьин ва гьелъул битIунхъвай. Качествиял наречиял ва гьезул роль.

II. Наречиял битIун хъвазе ругьунлъи камиллъизаби.

Аслияб ва цогиялда бараб рагIилъун наречиялги ккезарун, рагIабазул дандраял гIуцIи ва гьел каламалъулъ хIалтIизаризе лъай.

Синонимиял, антонимиял наречиял хIалтIизаризе лъай. Предметияб цIаргун хIалтIизабулеб хадурегIел наречиялдаса батIа бахъизе лъай.

**Союзал (1 сагIат)**

I. Союзал. ГIадатал, журарал, составиял союзал. Союзазул битIунхъвай.

II. Предложениял ва предложениялъул членал союзаздалъун цоцаздехун хурхинаризе лъай.

Союзал гьорлъ ругел предложениял каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. Союзал – синонимал каламалъулъ хIалтIизаризе лъай.

**Частицаби (1 сагIат)**

I. Частицаби. Цо-цо мехалда частицабиги союзалги омонимал хIисабалда дандчIвай ва гьел ратIарахъи.

Союзаллъунги форманталлъунги (суффиксаллъунги) хIалтIизарулел частицаби.

II. МагIнаялъухъ балагьун, батIи-батIиял частицаби каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. Частицабазул битIунхъвай.

**ХадурегIел (1 сагIат)**

I. ХадурегIел. ГIемерисел хадурегIелал наречиялдаса лъугьарал рукIин лъай. Цогидал каламалъул бутIабаздаса жал лъугьинчIел хадурегIелал. ХадурегIелазул битIунхъвай.

II. БакIалъул падежалгун хадурегIелал хIалтIизари. ХадурегIелалги наречиялги тексталъулъ ратIарахъи.

## Междометиял (1 сагІат)

I. Междометиял. Междометиязул битІунхъвай.

II. Междометиял гъорлъ ругел предложениял дурусго цІализе лъай. Художествияб тексталъулъ ва каламалъулъ междометие хІалтІизабиялъухъ халкквей.

## XI КЛАСС (34 сагІат)

## Синтаксис ва пунктуация

### РагІабазул дандраял ва предложение (4 сагІат)

I. Синтаксисалъул аслиял бутІаби. РагІабазул дандраял ва предложениял, гьезда гьоркьоб бугеб батІалъи.

II. Глаголал, предметиял цІарал, прилагательноял, наречиял аслияллъунги ккезарун, рагІабазул дандраял гІуцІизе лъай. РагІабазул дандраяздасан предложениял гІуцІизе лъай.

I. Каламалъулъ предложениялъул кІвар. Абиялде балагьун, хабариял, суалиял ва тІалабиял предложениял. АхІул предложение. Гьезул ахиралда лъалхъул ишараби. Предложениялъулъ рагІабазул тартиб ва логикияб (магІнаялъулаб) ударение.

II. ГІадатал предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе лъай. Предложениязул ахиралда кколел лъалхъул ишараби лъезе ругьун гьари.

Суалиял ва ахІул предложениялги гъорлъе ккезарун, цо гьитІинаб текст гІуцІизе.

*БичІчІизе, рагІизе, батизе* ва гь.ц. глаголал сказуемояллъун ккараб мехалда, подлежащее жинда падежалда; *бокьизе, хиралъизе* гІадал глаголал сказуемоелъун ккараб мехалда, подлежащее кьовул падежалда букІунеблъи баян гьабизе.

### БетІерал ва бетІерал гурел членал (4 сагІат)

I. БетІерал членал. Подлежащее, гьеб букІунел падежал. Подлежащеелъун батІи-батІиял каламалъул бутІаби ккей.

ЦІарулаб ва глаголияб составияб сказуемое.

БитIараб дополнение. БитIараб дополнениелъун кколел каламалъул бутIаби.

БитIараб дополнениялда ва аслияб падежалда бугеб подлежащеялда гьоркьоб батIалъи.

Цадахълъел. РатIалъизарурал членалгун предложениял ва гьезулъ лъалхъул ишараби.

II. Подлежащеегун сказуемое жинсгун формаялъулъ рекъонккеи. Бухьен гьоркьоб биччан бугони, подлежащеялдаги сказуемоеялдаги гьоркьоб тире лъезе ругьун гьари.

Предложениял тIиритIизаризе ругьун гьари.

РатIалъизарурал членалги гъорлъе ккезарун, тIабигIаталъул хIакъалъулъ цо гьитIинаб хабар хъвай.

**Тайпа цоял членалгун предложениял (2 сагIат)**

I. Предложениялъулъ тайпа цоял членазул батIи-батIиял кьерал. Подлежащеегун ва битIараб дополнениегун сказуемоялъул рекъонккеи. Тайпа цоял членал ругеб мехалда гIамлъул рагIаби ва лъалхъул ишараби.

II. Тайпа цоял членал ругеб предложение членазде бихxизе лъай.

Тайпа цоял членалгун гIамлъул рагIи хIалтIизаби ва лъалхъул ишараби (кIитIанкI, тире) битIун лъезе ругьун гьари.

**ХитIабалги, гьоркьор ккарал рагIабиги ва междометиялги гьорлъ ругел предложениял (3 сагIат)**

I. Каламалда жаниб хитIабалъул, гьоркьор ккарал рагIабазул ва междометиязул кIвар. Гьелгун лъалхъул ишараби.

II. ХитIабгун, гьоркьор ккарал рагIабигун гьитIинабго хабар гIуцIи.

ХитIабалги гьоркьор ккарал рагIабиги ругел предложениял, интонация цIунун, цIализе ва лъалхъул ишараби битIун лъезе ругьун гьари.

**БитIараб ва хъвалсараб калам (2 сагIат)**

I. БитIараб ва хъвалсараб каламалда ва авторасул рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен. БатIи-батIиял стилазул каламалъулъ битIараб калам хIалтIизаби.

II. Авторасул рагIабаздаги битIараб ва хъвалсараб каламалдаги гьоркьоб бугеб батIалъи батизе лъай.

БитIараб калам хъвалсараб каламалде сверизабизе бажари.

### Жубараб предложение (1 сагIат)

Журарал предложениязул тайпаби, каламалъулъ гьел битIун хIалтIизаризе лъай.

Союзал ругел журарал предложениял.

### Жубараб сокIкIараб предложение (2 сагIат)

I. МагIнаялде балагьун, журарал сокIкIарал предложениязулъ ругел гIадатал предложениязул гьоркьоблъи. Союзалъул кумекалдалъун гьел загьир гьариялъул къагIидаби. Интонациялъул хасиятал ва гьезда рекъон лъалхъул ишараби.

II. МагIнаялде балагьун, жубараб сокIкIараб предложениялъул бутIаби ратIа гьаризе лъай (иш цого заманалда лъугьун букIин, иш хадуб-цебе тартибалда лъугьун букIин, иш гIаксалда кколеб букIин, иш цояб тун, цогияб лъугьун букIин ва гь.ц.).

Журарал сокIкIарал предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе, гьезул разбор гьабизе лъай.

### Журарал нахърилълъарал предложениял (4 сагIат)

I. МагIнаялде балагьун, журарал нахърилълъарал предложениязулъ ругел гIадатал предложениязул гьоркьоблъи. Жубараб нахъбилълъараб предложениялъул гIуцIи; бетIераб ва тIаджубараб предложение; бетIерабги тIаджубарабги предложениялъул цо чIараб бакI букIунареблъи; гьел цолъизаризе хIалтIизарулел союз рагIаби.

Союзал гьечIел журарал сокIкIарал ва журарал нахърилълъарал предложениял синонимал хIисабалда хIалтIизари.

БатIи-батIияб стилалъул каламалъулъ журарал нахърилълъарал предложениял хIалтIизариялъул къагIидаби.

II. Журарал нахърилълъарал предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе лъай.

Каламалъулъ журарал нахърилълъарал, журарал сокIкIарал ва ратIа гьарурал членалгун гIадатал предложениязул синтаксисалъул синонимал хIисабалда разбор гьабизе ругьунлъи. Журарал нахърилълъарал предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе лъай.

**Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб предложение (3 сагIат)**

I. Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложениялъул гIуцIи.

Союзал ругеб яги союзал гьечIеб, цо чанго предложениялдасан гIуцIараб жубараб нахъбилълъараб предложение. СокIкIиналъулги нахъбилълъиналъулги бухьен жиндилъ бугеб жубараб предложение.

II. ТIадехун рехсарал журарал предложениязул разбор гьабизе ва гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе цIалдохъаби ругьун гьари.

**Союзал гьечIел журарал предложениял (3 сагIат)**

I. Союзал ва союз рагIаби гьечIел журарал предложениязулъ ругел гIадатал предложениязул гьоркьоблъи. Союзал гьечIел журарал предложениязулъ лъалхъул ишараби.

II. Союзал гьечIел журарал предложениязул разбор гьабизе, интонацияги цIунун, цIализе ругьун гьари.

**Калам цебетIезаби (11 сагIат)**

Текст. Тексталъул аслияб магIна ва пикру баян гьаби. План.

ГIадатияб ва жубараб план. Планалъул кIвар. Описание гьабулеб текст къокъго, гIатIидго бицин. Хабариял текстал жиндирго цIаралдалъун бицине ругьунлъи.

Планал гьарун, планаздасан бицин.

Фразеологиял сверелал ва бегIерал рагIаби (крылатые выражения) ракIари ва гьел жиндирго каламалъулъ хIалтIизари.

Тезисал.

Героязул ишазе, лъугьа-бахъиназе, хIужжабазе къимат кьезе, жиндирго пикру загьир гьабизе.

Конспект, доклад гIуцIизе, гьезда тIасан кIалъазе рахъин.

ЦIалараб, бихьараб жоялда тIасан къокъал сочинениял хъвай. ЦIаларалъе, бихьаралъе къимат кьей. Гьалмагъасул хIалтIуе къимат кьей (рецензия).

Автобиография, расписка, доверенность хъвай. БатIи-батIиял тайпабазул изложениял: тексталде гIагарал, къокъал, тIасарищарал, творческиял тIадкъаял ругел, сочинениялъул элементал ругел.

**ПРОГРАММЫ ПО АВАРСКОМУ ЯЗЫКУ ДЛЯ 5--IX И X-XI КЛАССОВ СЕЛЬСКИХ ШКОЛ**

Редактор **Х.С. Вакилов**
Художественный редактор **М.Ш. Муталлибов**
Технический редактор **Р.Ю. Буттаева**
Корректор **Р.М. Дайтбеггаджиева**

Сдано в набор 14.03.2012. Подписано в печать 02.11.2012.
Формат 60x84 1/16. Бум. офсетная № 1. Гарнитура Times.
Усл.п.л. 3,37. Уч.изд.л. 2,21. Тираж 500 экз. Зак. № 43*un*.

ООО «Издательство НИИ педагогики»
367000, г.Махачкала, ул. Леваневского, 4.